

MINAMATO YEMAZUYA ESE

CHINYORWA

1

Ndira, Kukadzi, Kurume

2023



Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA

KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATOIBHADHARWA
NEVATAKABATANA NAYO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

EMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).



Become a
GoodNewsWorld
PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/partner

**1 Johane 5:4**

Nokuti chinhu chipi nechipi chinoberekwa naMwari chinokunda nyika, ku-kunda kwakakunda nyika ndiko kutenda kwedu.

Kutenda, ndicho chinhu chikuru chinokosheswa nenyika uye nemushoko raMwari. Haugone kufadza Mwari kana usina kutenda mauri. Chokwadi ndechekuti bhaibheri rinoti hazvigoneke kuti ufadze Mwari kana usina kutenda. Vakapfuma uye vanemukurumbira muna Kristu vanorarama nekutenda. Kuburikidza nekutenda vanhu ava vanorwisana nokukunda izvo zvinonzi nevanhu hazvigoneke. Tinoshandi-sa kutenda kwedu kuti tiwane nekutora zvese zvatakawaniswa kuburikidza nekufa kwakaita Kristu pamuchinjikwa.

Patiri kupinda mugoredzva, Gore rekurarama Hupenyu Hwedenga Pane Rino Pasi, ndiri kukukurudzira kuti ukoshese kusimudzira kutenda kwako nekuti ndiko kucha-konzereswa kukunda kwako. Asika kutenda kunounzwa nekunzwa, uye kunzwa kunounzwa neshoko raMwari. Saka shandisa mukana wese waunowana kuti uzadze mweya wako neshokoraMwari, Verenga shoko raMwari, teerera mharidzo dzeshoko. Teerera kunhepfenyuro dziri maererano neshoko raMwari, woverengawo mabhuku anokubatsira pakuumba kusimbisa nekuwedzera kutenda kwako. Izvezvi pairiku-verenga rugwaro rwuno rweNhau Dzinonakidza, kutenda kwako kuri kutosimudzirwa. Hareruyah! Nguva ino yekurarama hupenyu hwakadzama inokupa mukana wekuti uve muKristu wawakanzi uve, MuKristu anorarama nekutenda, nekukunda uye ano-rarama hupenyu hwekudenga pane rino pasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama Hupenyu Hwedenga Pane Rino Pasi. Kutenda kwangu kuri kuwedzera. Dambudziko rese ririmuhupenyu hwangu ririmunjodzi sezvo ndavekushandisa kutenda kwangu kuti ndiri paradze. Handishaye rubatsiro nekuti kutenda kwangu kunoita kuti ndive mukundi. Mbiri ngaiende kuna Mwari!

MAVHESI EKUVERENGA: Jakobo 1:22-25

**1 Timoti 4:15**

Shingairira zvinhu izvi uzviite nomwoyo wese kuti kupfuurira mberi kwako kuonekwe navanhu vose.

Vazhinji vedu takadzidziswa kuti zvakai-pa kuti tivhaire nekuti kuvhaira kunoit-wa ne-vanodada. Hongu zvinogona kudaro kune avo vagara vaine hunhu hwekuzvikudza nekuzvitutumadza, asi pane dzimwe nzvimbo dzirimubhaibheri apo shoko raMwari rinotibvumira kuti tivhaire. Semuenzaniso muna maPisarema34:2 tinoona mambo Dhavhidha vachiti, “My soul shall make its boast in the LORD; the humble shall hear thereof, and be glad.” Izvi zvinotizivisa kuti pane zvimwe zvinhu zvinogona kuitika muhupenyu hwedu zatinobvumidzaw kuti tivhairire vanhu nazvo.

Mwari vanokupa mvumo yekuti uvhaire. Chokwadi chirimuvhesi redu ranhasi ndechekuti ikodzero rako uye ibasa rako rekuudza vanhu pamusoro pekunaka kwakaita Mwari muhupenyu hwako. Asi kuti zvinhu zvakadai zviitike unofanira kuzvipira kuti ugare uchifunga nekutaura shoko raMwari nguva dzese.

Paunenge uchitaura nekufunga pamusoro peshoko raMwari Mwari vanenge vachi-toronga newe, uye vanenge vachida kuti uzovhaira nezvinoitika kuburikidza nekuna-mata kwaunenge uchiita. Mwari vanoda kuvhaira nekubudirira kwako. Naizvozvo, nyaya dzinobuda pamasaisai ako eSocial Media ngadziratidze nyika hupenyu hwauri kurarama muna Kristu kuti ndehwedenga pane rino pasi, uye kuti shoko ririku-kushandira nguva dzese. Kuburikidza nekufunga pamusoro peshoko raMwari neku-ritaura unokonzeresa kuitika kwezvinhu. Apo wagadzirira kufara uchifunga nekutau-ra pamusoro peshoko raMwari uchaona matenga achizaruka uchipinda uzviyero zvepamusoro zvekutenda. Ndirikukukurudzira kuti ufunge pamusoro peshoko raMwari nekuritaura nguva dzese kuti uone kubudirira kwauchaita uye veruzhinji vachazvionawo zvinenge zvichitika kwauri!



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino mamiro akaita zvinhu muhupenyu hwangu arikupidiguka! Vanhu vese vachanditarisa vachishamisika apo ndichange ndichiratidza kuti Mwari arimo mandiri. Nzira yehupenyu hwangu yakabudirira uye ndiri kubudirira pane zvese!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 2:7



Muprofita Jeremiya 51:20

Iwe uri nyundo yangu nenhumbi dzangu dzokurwa, newe ndichaputsanya marudzi avanhu newe ndichaparadza hushe.

Mumazuva mashomanana akapfuu-
ra ndakaita chiono apo ndakaudzwa
kuti ndi-cherechedze hutano hwangu.
Ndakabva ndatanga kuita mitambo
yekusimbisa muviri wangu ipapo
ipapo. Unoona kuti uve nehupenyu
hwakadzama unofanirwa ku-ramba
chivi. Mwari vanoda kuti tive nerudo
uye vanovenga ruvengo. Vanovenga
hurwere, uye hurwere vanohuvenga
zvikuru zvekuti vakatouya pano panyika
varimunhu kuti vahubvise kubva
pauri.

Bhaibheri rinotiudza kuti kurovedza mi-
viri yedu kunobatsira zvizhoma (1 Timo-

ti 4:8). Rinotiudza zvakare kuti tinofanirwa kuratidza zvinenge zvaitika pakurovedzera kwa-tinenge taita. Zvichireva kuti kana paneshanduko inoitika kana tichinge tarovedzera miviri yedu. Hutano hwako hunofanirwa kusimukira. Nditeerere, muviri ako ndicho chete chinhu chauinacho chinoita kuti ukwanise kushanda pane rino pasi. Ndosaka Jesu akauya panerino pasi arimunhu wenyama. Saka zvakakosha zvikuru kuti uchengetedze muviri wako.

Pauenge wave kusimbisa muviri wako zviite pamweya uinekunzwisa kuti Mwari varikuda kuushandisa pabasa ravari kuda kuita panyika. Handisi kureva kuti chienda kunoitwa mitambo yekusimbisa miviri uchi-nonyoresa kwete. Unogona kungoita zvakareruka sekungofamba famba zvako uchiusimbisa. Ita chero zvaunokwanisa kuita kuti muviri wako usimbe mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, uye ndozvauchangogara uri Hareruya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nyundo yaMwari uye muviri wangu chombo chaMwari chinorwisana nehurwere nematenda. Mwari vanoshandisa muviri wangu kuti vaporese varwere, kumutsa vakafa nekudzinga mweya yetsvina, uye kuparadza mabasa ese erima.

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Timoti 4:8

**1 Timoti 2:8**

Nazvino ndinoda kuti varume vanyengetere panzvimbo dzose vachisimudza maoko matsvene, vasina kutsamwa nenharo.

Maoko edu akagadzirwa zvinoshamisa kuti akwanise kuita mabasa akasiyan siyana pamguba imwe chete. Tinoshandisa maoko edu kuti tibate, kunzwa, kupuruzira nekuita mamwe mabasa akawanda nawo, Kunyangwe patinenge tichitaura ti-noshandisawo maoko edu kuti firatidze zvatinenge tichitaura pamusoro pazvo. Pfungwa dzeduwo dzinoshandirana nemaoko edu. Chokwadi ndechekuti zvatinoina zvakanwanda nemaoko edu zvinobva mupfungwa dzedu kutratidza mushandirapam-we uri pakati pami-tezo yemiviri yedu iyi. Nyika inokuziva nezvaunoita nemaoko ako sekuziva

kwainoita chiso chako. Saka maoko akakosha zvikuru pakuratidza zvafiri kunamata. Anoratidza hutsvene sewe uye Mwari vaigona kusarudza chero nhengo yemuviri wako kuti isimudzire hutsvene hwavo asi vakasarudza maoko ako kuti aite basa iri. Maoko ako haana kusanangurwa kubva kunyika chete asi kuti ashandiswe naMwari. Kunyangwe vhesi redu richitaura pamusoro pevanhurume, rirkubatani-dzawo madzimai. Mwari vanodzikisa simba ravo nerudo rwavo nemumaoko ako. Vanoda kushandisa maoko ako kuti utendeutse vakarasika, uporese vanorwara, ugovere nyasha dzavo kuvanhu nawo uye kuti vakwanise kumbundirana nevanhu nawo, uye vanodawo kuti unamatire vanhu uchiashandisa! Kugonerwa kwakakura sei uku kunoita kuti pese paunosimudza maoko ako unenge uchirumbidza Mwari? Kuburikidza nemaoko ako aya, gore rino uchararama hupenyu hwedenga panerino pasi, uye maoko ako acharopafadzwa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanoshandisa maoko angu kuti vadzikise simba ravo rekuporesa uye kuratidza rudo rwavo kunyika. Maoko angu anoshandiswa kuratidza minana nezvishamiso nezita guru raJesu! Maoko angu akaropafadzwa kuti aite minana nezvishamiso. Chese chandinobata chinobudirira. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: Mabasa AvaPostora 19:11-12

**Genesisi 13:14-15**

Zvino akati kuna Abrama “Simudza hako meso ako ipapo paugere utarire kurutivi rwokumusoro, norwenyasi, norwokumabvazuva, norwokumavirira nokuti nyika yese yaunoona ndichapa iwe navana vako nokusingaperi.

Pane imwe nguva apo ndaida motokari itsva yekuti ndityaire asi ndakange ndisina mari yekuitenga nayo. Saka ndakatsvaga vhesi mubhaibheri raienderana nezvan-daida. Ndakawana vhesi riri muna Ruka 19:30 apo, Jesu akati, “...uchawana dhongi rinenge risina kutasva nemumnhu “ Pamazuva aJesu dhongi rakange rakaita semo-tokari yerudzi rweRolls-Royce, uye iro raitaurwa naJesu rakange risina munhu akambenge aritasva, zvichireva kuti rakange riri ritsva. Saka ndakange ndawana vhesi rekushandisa

kuti ndiwane naro motokari itsva.

Muna vaHebheru 11:1 bhaibheri rinoti, “kutenda...” Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu. Saka kana uchida chinhu muhupenyu hwako tsvaga vhesi rinoenderana nezvaurikuda womira naro uchingoritura, usarege kutaura kusvikira zvauri kuda zvacho wazviwana kana kuitika. Bhaibheri rinoti kana ukakumbira chinhu nekuda kwaMwari, kunova mushoko ravo, ivo vanokunzwa uye vanokupa zvido zvemwoyo wako. Saka kana ukaona zvauri kuda zvirim mushoko raMwari, ivo vanobva vaona kuti wazviwana saka unofanirwa kuti zviwane kana kuti zviitike kwauri. Saka ndakukuudzawo sekuudzwa kwakaitwa Abrama naMwari muna Genesisi 13:14 kuti “simudza meso ako utarire...” Chese chaunoda chine vhesi rinoenderana nacho. Sa-ka chitsvage ushandise shoko raMwari kusvikira wachiwana! Simudza meso ako uone zvakanaka zvakagadzirirwa naMwari. Simudza meso ako uone kuporeswa kwako, Simudza meso ako unone mari yako ichiuya, simudza meso ako unone DENGWA PANERINO PASI!!!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Maziso angu avhurika kuti ndiwone zvinhu zvese zviri zvangu. Ndinotema chirevo chekuti ndinenyasha dzandiinadzo dzekuti ndifore zvese zviri zvangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Johane 5:14-15

**VaEfesu 3:1**

Nemhaka iyi ini Pawuro ndiri musungwa waKristu Jesu nokuda kwenyu imi mahedheni...

Pakupera kwemakore ekuma 70 kune kambani yainziBurger King iyo yakatanga kushambadzira zwayaitengesa ichishandisa dingindira rekuti, "Ngazvive sekuda kwako." Uye muzhizha muna 1996, kambani yeCoca-Cola, iyo inogadzira chinwiwa che Sprite yakavamba chirongwa chakange chakanangana nevechidiki. Kambani iyi yakatsvaga nyanzvi dzezve-kutengesa idzo dzakange dziine mbiri yekugadzira zvi-rongwa zvaiita kuti zvaitengeswa neCocaCola zvitengeseke. Nyanzvi idzi dzakaruka dingindira rainzi, "feedzera zvinodiwa nenyota yako." Coca Cola yakabudirira zvikuru

pakutengesa zvinwiwa zvayo zvekuti yakasimudzira chirongwa chekutengesa ichi mushure emakore makumi maviri nemashanu.

Pfungwa yekuti munhu anofanira kuita zvinomufadza yakatekeshera munyika.Asi hupenyu hunehudzamu hune chiratidzo chawo chezvakafricanira kuitwa. Uku, kurara-ma kupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa. Tinoona MuApostora Pawuro pekutanga vachizvidaidza vachizviti muranda waMwari,asi pavanozonzwisisa kuti zvinorevei kurarama hupenyu hwakarovererwa pamuchinjikwa vanozvidaidza vakuzviti musungwa waKristu. Kurarama hupenyu hwakarovererwa pamuchinjikwa hakukupe mukana wekuramba kuita zvinodiwa naMwari kana kukoshesa kutevedze-ra zvinodiwa nenyama yako kwete. Uku, kurarama hupenyu hwakaperera munaShe, uhwo hunoratidzwa nekuva nesimba raMwari rakawanda mauri, nekuva nezvese zvinonzi naMwari ndezvako, uye zvi-chipfachukira.

Wakatevedzera zvaidiwa nenyota yako asi hazvina kubatsira kunze kwekuti zvakakupinza mumatambudziko. Iye zvino wavekutsvaga pekubuda napo kubva mumatambudziko awakazvisikira aya. Nzira yaMwari ndiyo chete inofanirwa kute-vedzerwa, uye zvese zvaunoda kvanazvo muhupenyu hwako unozwiwana kana ukararama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hunoratidza nekupupuraKristu arimandiri. Ndiri mweya wepamusoro wakadarika zvinodiwa nenyama. Ndirikurama hupenyu hwe-kuroverwa pamuchinjikwa nekuda kwangu muogore rino rekurama HUPENYU HWEDENGA PANERINO PASI.

MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 2:20



VaFiripi 2:5-6

Ivai nomwoyo uyo wakanga uri muna Kristu Jesu Iye kunyangwe akange akafanana naMwari haana kufi kuenzana naMwari ndochinhu chinofanira kubatisiswa

Masaisai eSocial media arikupa mukana kuneveruzhinji kuti vazvishambadze nekushambadza zvavanoita. Unona vaparidzi vakawanda nevezvembhizimusi vachishandisa zviuru nezviuru zvemadhora kuti vazvishambadze vazivikanwe, Vanhu vanemukurumbira nevamwewo zvavo varikuedza nepavanogona napo kuti vazivikanwe. Zvese izvi zvirikuitwa nekuti vanhu vanechinangwa chekufi vavenembiri, asi kuna Mwari chakakosha zvakanakakosha kuba nechimiro chakanaka

Ishe Jesu havana kushandisa chero ipi yenzira dziripo mazuva ano yekuzvishambadza nayo, Vakange vasiri pamasaisai elnstagram Facebook kana YouTube, Havana zvavakambozviitira kuti mukurumbira wavo uvepo. Bhaibheri rinoti muna VaFiripi 2:7 kuti, “akazviita asina maturo...” Izvi ndizvo zvakananzika, zvakananzere-sa kuti Jesu ave nemukurumbira pano panyika nekunyika yemweya. Akanangana nechinangwa chekudanwa kwake nekuzvipira kunaMwari, Akaenderera mberi nekuita zvakanaka achiporesa varwere nekudzikinura vakange vakatapwa newakaipa zvekufi mweya mutsvene ndiye akange avakushambadza mabasa ake. Saka pane chakaipa here kuti unyore zvakanwanda pamasaisai ako eSocial Media uchi-shambadza. Kweke hapana asi kurudziro yangu ndeyekufi uashandise senzira yako yekushambadzira vanhu kuti vaende kuna Kristu,

Kana Mwari ainewe unenge uinezvесе. Zvaunoita pasina vanenge vachikuona ndizvo zvinoda kuonekwa naMwari. Ukaverenga shoko raMwari kuti uzive zvawakav-inga panerino pasi, unonzwisisa kuti uri ani uye nezvaunokwanisa kuita. Waunongo-da kuti afarire zvaunenge uchiita ndiMwari. Saka usatsvage mbiri kubva kuvanhu. Ingozviita kuti uvemunhuwozvake, ugoona Mwari vachikupa mukurumbira!



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikufamba munzira yandakagadzirirwa kuti ndifambe nayo naMwari. Mwari ndihwo hupenyu hwangu, uye ndinoraramira ivo! Ndine mukurumbira wekuten-deutsa vanhu nekukonzeresa kuti vanhu vade shoko iro rinovapa kutenda kwakakura zvikuru sechipembere- ndiri mupfumi uye ndine muku-rumbira muna Kristu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostora 10:38

**Mabasa AvaPostora 6:8**

Zvino Stefano azere nyenya nesimba akaita zvinoshamisa, nezviratidzo zvikuru pakati pavanhu.

Vhesi ralsaya 40:31 rinowanzo shandiswa zvisirizvo. Rinoti, “vanomirira Jehovha vachapihwa simba idzva.” Vamwe vanoshandisa vhesi iri, vononoka kutora matanho vomirira kuti pane zvichaitika kana kumirira Mwari kuti vavaitire. Asi, nzwisisa kuti Mwari vakaitoita zvese zvavaifanira kuita kare, uye hazvibatsire kuti vamirirwe kuti vaite chimwe chinhu zvakare. Ichi ngachive chidzidzo chakakura zvikuru sei apo tiri kupinda mugoredzva, Gore rekurama hupenyu hwedenga panyika! Ndinoziva kuti vamwe venyu vanga vakamirira kuitika kwechimwe chinhu, asi hakusiriko kunofan-itwa kuitwa. Rega

ndikutsanangurire.

Apo kereke yekutanga yakange yave kukura maApostora akasarudza vanhurume vakange vakazara naMweya Mutsvene kuti vaitungamirire, uye tefano akange ari mumwe wevarume ava. Haana kuswera akagara akarindira kuti Mwari vatore matanho kwete. Akange achiita minana achipoa huchenjeri nekuita zviratidzo. Akange akazara namweya mutsvene zvekuti aiti akapa murwere anenge aine chirwere chegomarara chekudya, aibva atopora. Aiti akapukuta chigaro, uyo aizogarapo aibva adzikinurwa. Hareruya!

Saka pane kuti umirire Mwari kuti vaite chimwe chinhu iwe tanga kuita basa! Za-dzwa namweya mutsvene woita minana nezviratidzo mukati mevanhu. Uku ndiko kumirira kunodiwa naMwari, uye kwavakamirira kuti kuitwe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mushandi waMwari. Ndinoraramira kuvashandira. Mukushanda kwangu ndakavamirira ndinoita minana nezvishamiso nezita guru raJe-su!

MAVHESI EKUVERENGA: Mabasa AvaPostora 6:1-10

**Jobho 23:12**

Handina kudzoka pamurairo wemiro-mo yake, Ndakachengeta sepfuma mashoko emuromo wake kupfuura mugove wezvokudya zvangu.

Dumbu remunhu mukuru rinenge riine huiyasi perita kana risina chinhuksns kuti marira mana kana richinge rakaguta. Kana wave munhu abve zera dumbu rako har-ichinje chiyero chezvinorizadza, asi kana waitwa oparesheni yekuti riire diki. Sezvo dumbu richitatamuka, zvinogoneka kuti udye zvakanwandisa zvekuti rinogona kutsemuka kanakuputika.

Mweya wako une nzarawo yekuwana zvekudya. Unodawo kudya zviru mushoko raMwari nguva dzese. Mweya wako unotatamukawo uchidya zvaunenge uchiwupakurira. Asi mweya

hauna paunoguma pakudya kwawo sezvo uchigona kudya zvekudya zvakadarikidza pasina dambudziko rekutsemuka kana kuputika. Hazvineyi kti unenge wadya shoko rakawanda sei, unoramba uchida zvimwe zvekudya uye kana mweya wako ukatatamuka hauputike. Uye kana mweya wa-tatamuka haukwanise kudzokera pachiyero chawo chepakutanga.

Kounonyimirei mweya wako zvekudya iwo uchikwanisa kudya zvakawandisisa zvisina magumo? Izvezvi mweya wako unenzara yeshoko raMwari. Usakanganise nekutarisa pachiringazuva chemweya wofunga kuti wakatosimba nechekare. Kudaro zvinoratidza kuonda kwaunenge wakaita pamweya. Bhaibheri rinoti mweya unopa, uchasimbiswa. Sakaiwe ipa mweya wako chekudya kuburikidza nekuverenga shoko kuitira kuti ugosimba, uye ita izvi uchinzwisa kuti mweya wako haumbofa wakanzi wadya zvakawandisa. Saka, pinda mushoko raMwari zvinehudzamu, kwete rakanaka chete, asi rakawanda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nzira yangu yeshoko raMwari irikukura mazuva ese. Ndiri kukura munyasha uye shoko raMwari ririkukurawo munzvimbo dzese dzehupenyu hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvirevo 11:25

**Mapisarema 45:1**

Mwoyo wangu unotutuma nemashoko akanaka, Ndinotaura zvinhu zvan-da-kaita zvinoreva Mambo, Rurimi rwangu chinyoreso chemunyori anokurumi-dza kunyora.

Kune vanyori vakawanda vemabhuku amubhaibheri asi munyori wawo ese ari-mumwe chete. Bhaibheri rinotikune varume vatsvene vakawanda vakasundwa kuti vanyore mashoko emubhaibheri, uye vaisundwa naMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene anonyat-sosarudza mashoko ake aanoshandisa mushoko. Saka zvaka-nakira iwe kuti uverenge shoko raMwari wonyatsozvinzwira wega zvaanenge achi-taura kwauri zvinenge zvakadarika zvakanyorwa mubhaibheri.

Vhesi ranhasi riri maererano nesimba rine rurimi, uye ririkutsanangura kuti rurimi chinyoreso. Zvinoreva kuti pese paunenge uchitaura pane zvinenge zvichinyorwa. Asi cherechedza kuti chinyoreso hachisi chemunhuwo zvake asi chinyoreso cheuyo akagara agadzirira kunyora. Uyo anonzi anenge agara akagadzirira kunyora inyanzvi uye anehumhare. Munyori uyu haanyore kamwe chete kwete oisa chinyoreso pasi. Uye haagare asina chinyoreso.

Mashoko aunotaura anovaka zvinoitika muhupenyu hwako. Saka taura mashoko akanaka akakodzera kudzororwa kutaurwa pamusoro pako uye kurangarira pamusoro pako. Kana usina chokwadi nezvaunenge uchitaura verenga zvitsauko zvakanyorwa nemuApostora Pauro woadzororora. Mashoko aya anokurudzira uye akazara nyenya-sha. Uchaona hupenyu hwako hwave kuenda kumberi huchisimukira gore rino, kana ukaverenga mashoko aya uchiadzokorora pamusoro pehupenyu hwako, uye zvichaita sepaye apo vatsvene vamwari vaisundwa naMweya Mutsvene.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonyora zvinoitika muhupenyu hwangu. Ndinotaura mashoko anoita kuti hupenyu hwangu huenderere mberi chete. Ndirimupfumi uye zvese zvandi-noda muhupenyu ndinazvo zvichifachukira, nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 Petro 1:16-21

**Genesis 3:19**

Uchadya zvekudya zvako neziya nechiso chako kusvikira uchidzokera kuvhu nokuti wakatorwa kwariri. Zvauri guruva uchadzokera zve kwariri.

Unombozviziva here kuti seMwana waMwari hauna kusikirwa kuti utambudzike mu-hupenyu? Kutu utsvage basa kana kudikitira kuti urame kana kuwana hupenyu hwakanaka kupotseka, nekuti hazvifanirwe kunge zvakadaro. Hongu ndiri kukunzwa. Uri-kubvunza poamusoro pevhesi ranhasi kuti ririkutii?Ndirikufara kuti urikubvunza pamusoro paro.

Unoona vhesi iro rakapihwa kuna Adamu uyo akadonha. Chakanga chirichituko chaakapihwa naMwari, asi iwe hauchararama uripasi pechituko

nekuti shoko raMwari rinotiudza kuti Kristu akatichenura kubva kuzvituko zvese. Bhaibheri rinotiudza kuti mukutambudzika kwakaita Kristu, dikita rake rakabuda maari richiita semadonwe eroppa. Akadikitira kuitira kuti iwe usadikitire hupenyu hwako hwese. Akauya kuzokupa hupenyu hwakawanda kuitira kuti usatatarike kana kushanda nesimba kuti uwane hupenyu hwakanaka.

Urimukokorodzi wenyasha kwete uyo anoshandira kuti awanirwe nyasha. Une nyasha dzekuti upfume, kwete kuti uburitse dikita rako. Gore rino takarigoverwa naMwari segore ratichararama hupenyu hwedenga panerino pasi, uye hausi kuzo-tambudzika gore rino.Wakasarudzwa naMwari kuti upedze mazuva ehupenyu hwako murugare nemafaro. Zvitambire nekutenda zvandiri kutaura izvi, wozvitaure. Uka-daro chete, unoona bhizimusi rako rave kubudirira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handibvumidzwe kuti ndidikitire kana kutatarika muhupenyu hwangu. Maropafadzo aMwari ndeangu saka ndinoramba kutatarika. Ndirikudaidza vatengi kuti vauye kubhizimusi rangu izvezvi! Ndiri kuraira bhizimusi rangu kuti ribudirire nezitaraJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaGaratiya 3:13

**VaGaratiya 2:20**

Ndaka rovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naKristu, handichisiri ini ndinorarama, asi Kristu anorarama mandiri kurarama uku kwandinorarama nako munyama zvino ndinorarama nokutenda kuri muna mwanakomana waMwari akandida akazvipa nokuda kwangu.

Nyaya yekutenda inyaya isingambofa yakanyatsopera kuzeyiwa mazuva ako ese ekurarama pane rinopasi. Unofanira kurarama nekutenda. Zvinoreva kuti zvese zvaunoita kana zvauinazvo zvinoitwa nekuwanikwa nekuchengetedzwa kuburikidza nekiutenda kwako. Kunyangwe nemuviri wako unochengetedzwa nekutenda.

Vhesi redu ranhasi rirutiudza kuti kutenda kwako mumwanakomana

waMwari kunochengetedza muviri wako wenyama. Kristu asati afa nekumuka, wairaramiswa neropa repanyama asi iye zvino wave kuraramiswa neropa raJesu. Ropa rako har-ichatsanangurwa panyama kuti ndererudzii. Wavekurarama nekutenda!

Chinzwa kunakidza kwazvo: hausiriwe unofanirwa kuzvikonzeresa kuti uve nekuten-da kwete. Hapana kanachinofanira kuvapo chenyama kana tsinga, kuti uve nekuten-da nekuti urinyama yenyama yake nepfupa repfupa rake, saka akakupa kutenda kwake. Nei Mwari akadaro? Nekuti anokuda! Saka taura nehurwere hwauinahwo uhwo mumuviri wako. Chiudze chirwere ichocho kuti wave kuraram hupenyu hwe-denga panerino pasi, saka hazviite kuti uve nedenda kana hurwere hunorarama mumuviri wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wangu haupindwe nechirwere kana denda ripi zvaro. Ndinoramba hurwere mumuviri wangu kanazviratidzo zverufu mumuviri wangu. Ndiri nyama yenyama yake nepfupa repfupa rake. Sakamuviri wangu unehutano nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 5:30

**VaKorose 2:15**

Akaparadza vabati namasimba akav-abuditsa pachena akavakunda mauri.

Jesu paakange akarovererwa pamuchinjikwa, zvivi zvenyika yose zvakange zviri paari. Saka paakafa akaenda kugehena wakaipa nemadhimoni ake vakabva vamu-ba-ta vachifunga kuti, "yaa, tamubata manje!" asi vakavhonduka apo iye akangovhi-zura akavadhonhedza pasi setwumbuyu twakange twusina neba-sa rese!

Jesu akazunza wakaipa sekambuyu, sezvaari, asi nzwisisa kuti akazviita semunhu. Jesu akange asati azvarwa patsva nokuti akange asati adzoka kubva kuvakafa, ropa rake rakadeu-kira pachigaro chenyasha. Saka kana

Jesu semunhu akakwanisa ku-kunda wakaipa nevanomutsigira uye ari munzvimbo yaitongwa newakaipa, iwe un-okwanisa kuita zvakanan-dza sei?

Pane dzimwe nguva dzaunoomerwa zvekuita kunge urikugehena. Asi neiwe nzira unenge uchiti urikusangana nezvakanyanyisisa muhupenyu hwako. Ndinoda kuti uzive kuti haufanirwe kuti ukunde wakaipa. Akatokundwa kare! Kana uchifunga kuti wakaipa anenge achikushungu-rudza, anenge achita misikanzwa iwe unemvumo yekumubhutsura abude muhupenyu hwako! Ari mauri ndiye akazungunutsa neku-don-hedza satani. Ndiye shoko saka pakavhizura satani achimudon-hedzera pasi ishoko raMwari raitoita basa iri. Newewo unokwanisa kuz-viitawo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari iroririmandiri nepamuro wangu, mushonga wek-upfapfaidza nekuparadza nawo wakaipa, Mwari aneni!

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 14:16



1 Samuweri 2:1

Hana akanyengetera akati moyo wangu unofarira Jehovha. Runyanga rwangu rwakakwiridzwa muna Jehovha. Muromo wangu wakashamira vavengi vangu, nokuti ndinofarira ruponeso rwenyu.

Kune zvisikwa zvinongowanikwa chete munyanza kwakadzika, umo mazvinorara-mira. Semuenzaniso kune hove yakakurisisa kudarika dzimwe dzese inonzi Blue Wa-ter shark iyo inehuremu hwema paundi zviururu mazana mana – hunova huremu hwakaenzana nenzou mazana matatu nenhatu dzinenge dzakura, uye yakareba kuva mamita makumi matatu. Hove iyi yakakurisisa zvekuti mwana wayo anenge achangobva kuberekwa anenge aine huremu hwemunhu mukururu. Haumbofa wa-kaona chisikwa chakadai chichigara mumvura inenge isina hudzamu.

Pafunge kuti chisikwa chakaita saichochi hachiite kana ruzha zvarwo. Hove dzerudzi rweBlue whales, dzinonzi ndidzo dzine ruzha rwakawandisa zvikuru kana dzichienzaniswa nedzimwe mhuka panerino pasi. Saka hove idzi dzinokurukura nedzimwe dzadzo dzinenge dziri makiromita akawanda kubva padzinenge dziri ne-ruzha rwadzinenge dzichiita. Asi, vanhu hakwanise kunzwa ruzha rwunenge rwuchiitwa nehove idzi, nekuti rwunonzwikwa rwuchiitika pakati pehove idzi chete. Izvi ndizvo zvinotiratidza kuti rumwe ruzha rwakagadzirirwa kuti rwunzwikwe panezvisikwa zvinogara munzvimbo dzine hudzamu, dzaka dzika.

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, ziva kuti atapinda muchikamu chekuva nehupenyu hune hudzamu, ruzha rwaunofanira kuitarwuno-fanirwa kushanduka nekuti unenge uchitokanganisa kana ukasachinja matauriro ako. Zviudze neku taura zvinhu zvikuru zvinofanira kuitika kwauri. Hasi maungira ezvaunotaura kwete. Uri izwi, uye izwi rako richakura rigonzwikwa. Nezita raJesu ndinotaura nesimba rechikuriri raMweyaMutsvene kuti mazwi ako anesimba pamu-soro pevavengi vako vese, uye mashoko ako avenehuremu!



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko andinotaura anopihwa hudzamu kuburikidza nekubwinya kwaM-wari. Saka kana ndichitaura zvinhu zvese zvinenge zvakandikomberedza zvinofanirwa kutirimuka. Saka ndinotaura kudzoreredzwa kufi kuitike muhupenyu hwangu. Mari irikuuya uye hupenyu hwangu huri kushanduka munez-vakanaka nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 4:11

**Marko 16:15**

Akati kwavari, Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose evangeri".

Tave kurarama mumazuva ekupedzisira uye ino inguva inonakidza zvikuru apo kereke ichakohwa mweya yakawanda yevanhu vachitendeukira kuna Mwari. Vhangeri richaparidzwa zvinestimba, riri rechokwadi richiita zvinenge zvataurwa nenzira yarisati ramboparidzwa, apo tirikugadzirira kudzoka kwaShe. Tinofanirwa kuti tiende kunzvimbo dzese dzenyika tichiparidza vhangeri uye vhangeri rinenhau dzakanakisisa kunzwa zvisati zvamboonekwa. Kana tichiti nyika yese tinenge tichireva zvese zviri mairi, hazvigumire kuvanhu chete. Vhesi redu riri kuti tiparidze shoko kuzvisikwa zvese, zvichireva kuti zvese zvakasikwa zvinofanirwa kuparidzirwa.

Wakapihwa mvumo yekuparidzira zvese zvinhu zvakasikwa zvichireva kuti zvinhu zvisina mweya zvinogona kukunzwa paunenge uchiparidza. Jesu akataura kuti ma-tombo anogona kudaidzira kana vanhu vakaramba vakanyararara (Ruka 19:40). Zvi-noreva kuti matombo anonzwa. Pane chimwe chiitiko Jesu akapindurana nemuti zvichireva kuti muti uyu waigona kutaura nekunzwa. Nyanzvi dzezveruzivo rwesci-ence vakaongorora vakaona kuti miti inogona kutaudzana. Saka kana miti ichikwa-nisa kunzwa, mari yako inonzwawo ka. Kana matombo achinzwa saka gomarara ri-nonzwawo ka. Chese chawaiona kunge chisiri kufamba muhupenyu hwako chinogo-na kunzwa; madziro chaiwo anonzwa. Saka chitanga kutaura zvausati wamboita, uparidze nhau dzakanaka kune zvese zvakanakukomberedza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hunoonekera kuburikidza nekubudirira nekukunda kwandi-noita nguva dzese. Uhu ndohunonzi hupenyu hwedenga panerinopasi hwandiri kurarama uhwu. Handikundikane nekuti ndakaberekwa naMwari uye chese chakaberekwa naMwari hachikundikane. Ndinokwanisa kuita zvese zvandinenge ndaronga ndichibudirira pazviri. Zvese zvirimuhupenyu hwangu zvirikunakiswa.

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 8:19

**Ruka 5:4**

Akati apedza kutaura akati kunaSimoni, pinda kwakadzika mukande vutava rwenyu kuti mubate.

Mwari akatipa ruzha kuitira kuti tikwanise kugadzira narwo nzira dzinofamba nadzo vatumwa. Paunotaura, mashoko ako anoita ruzha rwunogadzira nzira dzinofamba nadzo zvemweya kutakura zvaunenge wataura. Saka pese paunotaura, mashoko ako anosimbisa zvirimumweya kuti zvitakure zvaunenge wataura zvigova sekutaura kwaunenge waita. Saka mweya inoshanda maringe nezvaunenge wataura.

Saka ukataura nezvekutya, hurwere kana rufu unopa simba kuma dhimoni kuti atakure mashoko ako kunyika yemweya onozadzikiswa. Mashoko asina

mature akaita sekuti “makumbo angu arikundiuraya,” kana kuti “ndakufa nenzara” anopa simba kuma dhimoni kuti azadzikise zvaunenge wataura. Ndiri simba rine mashoko aunotaura, saka ndichikurudzira kuti uruke mashoko aunotaura uchishandisa shoko raMwari.

Kana ukazvipira kuita chero chipi chaunenge waudzwa naMwari kuti uite, simba rako munyika yemweya hunowedzerwa, uye mashoko aunotaura anoshanduka. Unoona manamatiro ako akushanduka zvakare usisaite minamoto yekugara uchikumbira nguva dzese. Unenge wakuita hurukuro naMwari pese paunenge wave kunamata kana kuti unenge wave kutema zvirovo zvinenge zviriri pamusoro pezvaunenge uchida kuona zvichiitika. Paunowedzera hukama hwako naMwari chiyero chezvaunotema kuti zviitike chinovanehudzamu zvokurumidza kuitika sekukurumi-dza kunoita ruzha kumhanya kana rwukaitika mumvura.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muromo wangu muranda weshoko raMwari. Ndinotaura chete zvinhu zvaka-nangana nemaropafadzo angu. Ndinotuka mashoko ese akataurwa ekuda kukanganisa budiriro yangu uye hakuna chituko chinokwanisa kundibata.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 103:20

**2 Samuweri 22:12**

Wakazvipoteredza nerima setende Mvura yakaunganidzwa nemvumi dze-hore dzedenga.

Wakambopinda here muimba inenge iine rima wobva wabatidza magetsi ipapo ipapo? Usina chaunenge waona kana kunzwa unotanga kufungidzira kuti kunengekuine chinhu chakaipa chinenge chiri murima, asi paunongobatidza magetsi unobva waona kuti panenge pasina chekutya. Zvinosekesa kana wavekufunga nezvazvo asi zvinoratidza maitiro emamwe maKristu kana vachiuva kuna Mwari. Vanoti ivo varikuda kuwedzera hudzamu hwehukama hwavo naMwari, asi vanotyazvavanenge vasingaone

Ndichochoikonzero chinoita kuti vakawanda vazvidaidze vachizviti vanoda kubata Mwari asi vashoma vakasanangurwa kuti vamubate. Mosesi ndemumwe weavo vakawanisa kubata Mwari. Munhu wese akange aina Mosesi panguva iyoyo aitiza Mwari, asi iye ndiye akaita zvivindi zvekuenda mukati merima kwakange kuina Mwari. Rima nechiyedza zvakangofanana kuna Mwari. Vanozvikomberedza nerima, vanotaura murima, vanofamba murima, riri pasi petsoka dzavo vachidaidzira kuti kuve nechiyedza kubva murima.

Hupenyu hune hudzamu ndehweavo vakabata Mwari, vanonzwisisa kuti kubwinya kwaMwari kunobatwa sei uye kuti kunotakurwa sei. Izvi zvinowanikwa kuburikidza nechiyedza chirimushoko raMwari. Saka hapana chikonzero chekutya rima. Sez-vaunoita kana uchibatidza magetsi kuti uwane chiyedza kana urimurima, shandisa shoko raMwari ripinde mauri chiyedza mukati mako,

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chiyedza munezvehupfumi, munezvemari, munezvezviva, mumabhizimusi memunezvemweya. Ndinoshandisa chokwadi chiri musho-ko raMwari saka handitye rima.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 119:130

**2 Timoti 1:7**

Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya asi wesimba noworudo nowazvokwadi.

Mazuva akaitika chidzihwamupengo makambani emainsurance neanovi-ga mitumbi yevanhu akawana vanhu vakawanda vachinyoresa kwaari kuti vave nhengo dzawo, zvekuti mabhizimusi aya akasimukira zvikuru. Panguva iyi kwakashambadza mashoko zvine hunyanzvi zvekuti vanhu vaigara vachifunga kuti hupenyu hwavo hwakange huri panjodzi. Vanhu vairamba vachiyeuchidzwa kuti hupenyu hwavo hwaigona kupera chero ipi nguva uye vanhu ava vaibvumirana nemashoko aya.

Tirikurarama munyika inevanhu vazere nekutya, sezvo kuchigara kuchishambadza mashoko anotaura pamusoro pekuitika kwenjodzi nguva dzese. Hongu nguva dzese kune zvinokwanisa kuitika nekuwanikwa kwemikana asiwo kune zvakaipa zvinogo-nawo kuitika. Madhimoniwo anoshandisa kutya kunenge kuchiita vanhu semukana wekuitawo zvirongwa zvawo, kuita sekunge zvaanenge avekuita inenge iri mikana. Asi Mwari mukuru kudarika kutya kwako kwese.

Rufu rwakakundwa kare nalshe Jesu Kristu, uye wakaipa haana simba rekukuraya. Chinouraya vanhu kutya kwavanenge vachiita kufa. Kutya kunoita kuti vanhu vataure mashoko anopasimba kumadhimoni kuti akwanise kuita mabasa awo akai-pa. Isu hatitye, tinorarama nekutenda. Patinoshanya, tichienda kunedzimwe ndzim-bo tinofamba takachengetedzwa neshoko raMwari. Saka ndiririkukurudzira kuti uendere mberi nekuronga zororo rako, kwira ndege uende kumusangano uye tyai-ra motokari pfungwa dzako dzakanyatsodekara uchiziva kuti iye akakunda rufu anewe uye anokuchengetedza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA
Ndinofamba ndakachengetedzwa. Handinete uye handidonhe. Ndinorara masika ndisingatye masikati uye mahusiku ndinorara zvakanaka. Handivhundutswe nemashoko anoti magumo enyika avepedyo nekuti Mwari vaneni; Vanondichengetedza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinofamba ndakachengetedzwa. Handinete uye handidonhe. Ndinorara masika ndisingatye masikati uye mahusiku ndinorara zvakanaka. Handivhundutswe nemashoko anoti magumo enyika avepedyo nekuti Mwari vaneni; Vanondichengetedza.

MAVHESI EKUVERENGA: Zvirevo 3:23-26

**Ruka 10:10-11**

Asi guta ripi neripi pamunopinda kana vasinga kugamuchireyi, budirai munzira dzavo muti, "Kunyangwe neguruva reguta renyu rakanamatira tsoka dzedu tinorikuhumurira kwamuri, asi muzive chinhu ichi kuti hushe hwaMwari hwaswedera.'

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, mutendi wese anosung-irwa kuti aite basa rekutendeutsa vakarasika. uye kusaita basa iri kune shamhu yaMwari. Hupenyu hwemumwe munhu hunogona kutoshanduka kuburikidza nekuzvipira kwauneneege waita mukuita basa rekutendeutsa vakarasika. Asi avo vanoramba kukuteerera paunenge uchivaparidzira vanogona kurohwa neshamhu.

Unoona Mwari vakakuita kuti uve mutakuri werunyararo rwavo. Muna Johane 14:27, vanoti, "Ndinokupa runyararo rwangu." Wakapihwa simba rekugoverana runyararo nevamwe, uye unesimba rekurwubvisa. Shoko raMwari ririkuti kana ukapinda panzvimbo, taura pamusoro perunyararo rwaMwari munzvimbo iyi urwo runobva wauya paunongotaura pamusoro pake runyararo rwaMwari rwunobva rwauya munzvimbo iyi (Mateo 10:12-13). Rinoti zvakare kana ukafamba munzira ukasangananevanhu ukavaparidzira, anenge aramba mharidzo yako unofanirwa kuzunza shangu dzako kwaari (Mateo 10:14). Ko nei zvichinzi uite zvinhu zvakadaron Nekuti vanenge vasina kuramba iwe asi vanenge varamba Ishe Jesu Kristu pachavo. Ku-ramba Jesu kunounza chituko, kune uyo anenge avaramba.

Rarama hupenyu hwako uchiziva kuti urimutakuri werunyararo rwaMwari. Pau-rikunoita basa rekuaparidzira vakarasika, famba musimba raMwari ravakakupa, uchiziva kuti une simba rekuunza runyararo kuvanhu, nesimba rekurwubvisa zvakare.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimutakuri werunyararo rwaMwari rwekudenga. Saka ndinotakura mhengo yerunyararo kwese kwandinoenda.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 10:5-6, 10-12

**Genesisi 2:18**

Jehovha Mwari akatizve, Hazvina kunaka kuti munhu agare ari woga, ndi-chamuitira mubatsiri akamukwanira.

Zvatave kuziva kuti Ishe varikuuya muchinguvana chirikutevera, nyaya yewanano iri mupfungwa dzemaKristu akawanda. Avo vari muwanano nechekare varikushandisa mukana uyu kuti vanofanirwa kufara zvikuru muwanano dzavo, pachitariswa chinguvana chasara kuti Ishe vadzoke. Avo vasati vapinda muwanano varikuona ku-kosha kwekuti vapinde mairi nekukurumidza, kubvutwa kwevatsvene kusati kwai-tika.

Bhaibheri rinotiudza kuti Adhamu akanzwa ari ega. Harisikuti akange akasuruvara kwete. Panemusiyano

wakakura uri pakati pekunzwa munhu ari ega, nekuti asuruvare. Unogona kusuruvara urimukati mevanhu, asi kunzi unenge uri wega zvinezvazvinoreva. Adhamu akazoroora Evha nekuti aida mubatsiri akakodzera aizomubatsira kuti aite basa rake muhushwe hwaMwari.

Zvakakosha kuti tese tinzwisise kuti wanano chii kuitira kuti panguva shoma yasara pano panyika, tinyatsoita zvayakagadzirirwa naMwari. Wanano yakagadzirirwa hushumiri. Haina kugadzirirwa kuti vanhu vaberekane kwete. Haineyi nekuti munhu anotaridzika sei, aneganda rakadii kana kuti ane mari yakawanda sei, kunyangwe zvinhu izvi zvichizotariswa pavanenge vave kuroorana. Wanano inokoshesa hushumiri hwaMwari. Kana muchikwanisa kushandira Mwari zvaka-petwa kana mawanana, chikonzero chewanano chinobva chazadzikiswa. Usanyengedzwe nezvinokosheswa nenyika, kana ichitarisa wanano. Iwe koshesa kubudirira kunozi-ita hushumiri hwako kuburikidza newanano, ndinokuudza kuti unogara hupenyu hwedenga pane rino pasi muwanano yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinokoshesa Jesu panezvese, saka ndinomupa zvese zvangu mu-hushumiri.

MAVHESI EKUVERENGA: Genesisi 2:18-24

**VaEfesu 5:27**

Kuti azviisire pamberi pake kereke inobwinya isina gwapa, kana kuwonyana, kana chinhu chakadai asi ive tsvene isina mhosva.

Kana nhengo dzechushe hweku ingirandi dzichishanya kune dzimwe nzvimbo, dzi-nowanziperekedzwa nevamwe. Kana uine chinzvimbo chepamusoro kudarika vamwe unoperekedzwa nevanhu vakawanda. Semuenzani-so mambokadzi Eliza-beth vechipiri pavakange vachirikurama vaiperkedzwa nevanhu makumi matatu nevana. Zvichienderanawo nechii-tiko chavainge vachifambira vaigona kuper-ekedzwa nevanosvika makumi mashanu. Chikwata chevanhu vanenge vachiperekedza imba yehushe, chinonganisira vabatsiri, vashandi nevavanowa-dzana navo

uye chikwata ichi chinenge chakakomberedza wehushe uyu pese paanenge ari.

Dzimwe nhengo dzechikwata ichi dzinogona kufanotungamira dzo-enda kuri kuda kushanyirwa kwacho kunoona kuti kwakagadzirirwa zvakanaka kuti nhengo yehushe iyi igare zvakanaka painozouya. Mambo wemadzimambo avekuzosika uye iwe uri nhengo yechikwata chirikugadzirira kuuya kwake.

Bhaibheri rir kuti arikuvinga kereke isina gwapa kana kuwonyana. Unemukana wakanaka wekugadzirira kereke kuti iwanikwe yakagadzirira kusvika kwamambo kutanga newe. Saka kana uchigadzirira kuimba rwiyo kana kuparidza, kana kutambi-ra vaenzi vanenge vachiuuya kukereke, unenge uchiita basa senhengo yechikwata chirikugadzirira kuuya kwaMambo. Nazvino chero chipi chaunoita muimba yaMwari ita nemwoyowako wese uchiziva kuti urikugadzira nharaunda ichasvikiira Mambo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nhengo yechikwata chaMwari chirikugadzirira kudzoka kwa Mambo panerinopasi, Ndirikugadzirisa mamiriro enharaunda sezvo ave kuuya. Ndi-rimumiririr wenyika yakapfumisisa pane rino pasi!

MAVHESI EKUVERENGA: VaKorose 3:23

**Vatongi 16:6**

Zvino Dherira akati kuna Samusoni, “Ndiudze hako kuti simba rako guru rinobvepi, uye kuti ungasungwa neiko umanikidzwe.”

Wakamboona here firimu kana bhuku rinechiratidzo chehupenyu hwaSamusoni? Anoratidzwa arimhita semutambi wemafirimu anonzi Schwarzenegger pamazuva ake aakange aine mukurumbira

Samsoni aizivikanwa pamusoro pesimba raakange ainaro rakawandisisa. Saka pfungwa yekumufananidza nemhita inenge yakakodzera, asi akange asina chimiro chakadaro Chimiro chaSamson chakange chisingaenderane nesimba raairatidza, ndosaka mafirita aiedza nepese paaigona napo kuti azive chakahwanda chaakange ainacho chaimupa simba rakawanda.

Isu semaKristu tinosangana nedambudziko rakaita seraSamusoni. Tiri zvisikwa zvakadarika vanhu venyama, asi tichigara munyika yatinofananidzwa nevamwe, ku-burikidza nekutaridzika kwedu panyama. Kana vanhu vakatitarisa tinoita sevanhu wozvavo, tinoonekakuve vatera asi hatisi. Bhaibheri rinoti tinepfuma yakakosha mumidziyo yedu yenyama, zvichireva miviri yedu. Takatakura Mwari matiri, iye ari ega, musiki wenyika nekuzara kwayo, saka hatina hutera matiri.

Hurumende dzenyika dzinotiverengawo kana dzave kuverenga vanhu dzichida kuzi-va huwandu hwevanhu vadzo. Dzinotiverengerawo mukati memabhiri yoni evanhu vanonzi ndivo varipanyika, asiisu hatisi venyika ino. Saka usanetseke hako kana vanhu vachikutarisira pasi vachifunga kuti wakafanana navo kana kukutarisira pasi. Ndzivo zvakaita Jesu. Simudza musoro wako ufambe wakatarisa mberi nekuti Mwari arimauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuwana simba kubva mukati mangu nekuti Mweya waMwari ari mandiri arikushanda mandiri. Ndinoshanda nemasaisai mamwe chete neaMwari. Simba ravo riri mandiri harirambike.

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 4:7

**Dhuteronomi 30:19**

Ndinodana kudenga napasi kukupurirai nhasi kuti ndaisa pamberi pako upenyu norufu, kuropafadzwa noku-tukwa, naizvozvo tsaura upenyu kuti urame iwe nevana vako:

MaKristu haafanirwe kuti afe. Ichi ndicho chokwadi chiri maererano nesu. Zvinogo-na kunge zviru zvinhu zvinovhundutsa kunzwa nekuti nyika ndiyo yakaita kuti tifunge kuti munhu wese anofa asi isu tine sarudzo yafinogona kuita. Iye akati sarudza ku-rarama, saka kana uchigona kusarudza kuti urame unogona zvakare kusarudza kuti usafe.

Kereke yavekubvumira vanhu kuti vafe panyama. Vaparidzi vakawanda vanoshandi-sa vhesi ririmuna vaHebheru 9:27 kuti vatsigire rufu nekuti vhesi iri ri-

noi – “it is appointed unto men once to die.” Asi vhesi iri harisi kukuudza kuti unofanirwa kuti ufe kwete. Vhesi iri rinotaura kuti muKristu anofa kamwe chete. Bhaibheri rinotiudza kuti Jesu akafa kamwe chete, achifira munhu wese, saka paakafa newewo wakafa naye. Saka wakatofa kamwe chete kare!

Zvinonzi zvinoitika nedzimwe nhengo dzekereke hazviitike kwatiri takasarudza kuva nehupenyu hwakadzika muna Mwari. Hatifananidze rufu kuti rwunongoitika kwete mugore ratirikurarama hupenyu hwedenga panerino pasi. Tinoramba kufa isu. Saka rambawo kufa nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba rufu! Hnadiite ndonda nekurwara. Pfungwa dzangu dzinoramba dzichiziva zvirikuitika. Muviri wangu unopihwa simba namweya mutsvene uye haumborwara. Handife asi ndi-chararama kuti ndiwone kubvutwa kwevatsvene, nekudzoka kwashe kunenge kuine kubwinya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 6:3-9

**Johane 1:14**

Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu, tikawona kubwinya kwake, kubwinya shokowakaberekwa mumwe chetete wababa azere nyenasha nez-vokwadi.

Bhaibheri rinotiudza kuti shoko rakava nyama. Zvinoziva kuti pekutanga shoko rakange risira nyama. Akange arimweya wakanga uine nyama, akauya panyika ak-agara nesu Jesu akange arimunzvimbo yemweya, Akange arimweya akatsvaga mudziyo wekugara ari uyo watinodaidza tichiti nyama kana kuti muviri. Mashoko ako anogona kugara arimweya asina nyama, nekuti bhaibheri rinoti, "mazwi andi-notaura aya, mweya" (Johane 6:63)

Mwari vakakuunza pane rinopasi kuburikidza nemashoko emumukanwa mavo uye vakatipawo kugoneswa kwakaita sekwavo, kwekugona kusika. Zvinoziva kuti unesimba rekukonzera mweya, anova ndiwo mashoko aunotaura kuti ave nyama. Unogona kuti mari irikuuya yowanikwa mubhanga rako. Zvimwe chetewe kana uchinetsana nemunhu, zvaunotaura mweya unozova nyama. Saka ukatuka mumwe wako kana kuti mwana wako ukamuti benzi, zvinoitika kwaari.

Mweya urimukati meshoko raMwari haufe nekuti shoko rine mweya waMwari mariri. Saka kana uine mashoko awakataura usina kufunga, unofanirwa kuviga mas-jhoko iwayo nemamwe mashoko maysva akanaka. Mashoko ako arikukushandira, saka cherechedza zvaunenge uchitaura zvikuvaire hupenyu hwedenga pane rino pasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine mweya wehuchenjeri nekuzvidzora mandiri. Saka kana ndichitaura mashoko, mashoko angu anenge akasanangurwa kuti asike upenyu hwandiri mufa kurarama. Mashoko angu anotungamirirwa nemweya waMwari.

MAVHESI EKUVERENGA: Muimbi 5:2

**Genesis 1:2**

Nyikayakanga isina kugadzirwa isina chinhu rima rakanga riripo pamusoro pemvura yakadzika, mweya waMwari wakange uchigarira pamusoro pemvura.

Vanhu vanopidigura mamiriro anenge akaita zvinhu munyika vanofanirwa kuva vaoni. Kuva nemuono kunobatsira nekuti unotaura mashoko akakodzera nguva dzese. Mwari pavakasika nyika vakatanga vaona nyika iyi muchiono. Vakasarudza paizova nemiti nepaizoyerera mvura napo, nepayai-gumira. Muchiono chavo va-kaona paizogara shumba, nezvaizodyiwa nemunhu. Pedzezvo, pese pavaiita chiono chezvavaida kuti zvivepo, vaingotaura mashoko ekuti, "Ngapavepo!"

Kana ukange waita muono wezvaunofunga kuti zvinofanira kuitika, unokwanisa kutaura. Unozadzikisa kubatika kwemuono wako neshoko raMwari, woramba uchizivezvera zvaunoda kuti mamiriro ezvinhu ave. Kana wazara nemweya waMwari wochitaura mashoko anokushandira.

Bhaibheri rinoti zvisimbise munaMwari. Saka kubvira nhasi nyatso simba mavari! Zvione nhasi kwete sezvauri, asi sezvauchava. Ona denga pane rino pasi. Zviudze kuti "Ndiri muhombeni!" Zvione mupfungwa dzako sekutsanangura kwaunenge wazviita nekuti ndomaonerwo aunoi-twa naMwari. Chienderera mberi uchizezvera chiono chako chekuva muhombeni. Isu nzira yedu yekukwazisana nayo sekereke fino-ti "nhau dzakanaka kwauri," uye paunenge uchizezvera nhau dzakanaka kune-vamwe, iwe zviudzewo nhau dzakanaka.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muhombeni ini! Hakuna anogona kuita zvandinoina Ndiri chinhu chakakosha chiri mumhuri yangu nemunzvimbo yandinogara. Ndiri mhinduro yaMwari kumatambudziko ese akandikomberedza! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 1:18

**1 Timoti 6:12**

Urwe kurwa kwakanaka kwokutenda ubatisise hupenyu husingaperi hwa-wakadanirwa kwahuri ukapupura kupupura kwakanaka, pamberi pezvapupu zvizhinji.

Panoitwa mutambo wetsiva, zvinenge zvisina huchenjeri kuti utsigirwe netambo dziya dzinenge dzakakomberedza nzvimbo inoitirwa mutambo uyu. Nekuti zvinoita kuti uya anenge achirwiswa aedze nepese paanogona kuti awane pekubuda napo. Newewo urikutorwawo izvezvi. Bhaibheri rinotikurwa kwako kurwa kwekutenda. Izvi zvinhu zvakana nekuti Mwari vakakupa zvese zvaungade kushandisa muhupenyu hwako kuti ukwanise kukunda.

Hongu dzimwe nguva unombopindwa nemuyedzo wekuti umboisa motomushoma pakurwa kwako kwekutenda. Zvirinyore kuti udekare sezvizi kana uchitenda mu-munhu wako waMwari uyo anokubatsira kuti uwane zvaunoda muhupenyu. Ndi-nokukurudzira kuti ushandise kutenda kwawakapipha naMwari mazuva ese. Mangwananai ega ega paunomuka, zadza mweya wako neshoko raMwari, woongo-rora kuti ndepapi paunofanirwa kushandisa kutenda kwako kwezva iri,

Kutenda kunowanzi kuwedzerwe kana pasisina chimwe chinhu chekuvimba nacho. Dzimwe nguva unofanirwa kuti urwe uchishandisa kutenda kwako uku. Chizviisira chiyero chakakura chekushandisira kutenda kwako zvekuti kutenda kwanhasi kunofanirwa kukura kudarika kwanezuro. Paunoramba uchishandisa kutenda kwako nguva dzese unoona wave kukunda nguva dzese paunosangana nedambudziko!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mukundi! Handidzoke kumashure kunyangwe ndikasangana nedambudziko rakaita sei muhupenyu hwangu nekuti kutenda kwangu kwakakwana uye kunoshanda. Ndakatsigirwa neshoko saka handimbofa ndakarasikirwa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 1:17

**VaRoma 12:1**

Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri hama dzangu netsitsi dz-aMwari kuti muise miviri yenyu chive chibayiro chipenyu chitsvene chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwomwoyo.

Vaye vanoita basa rekuchengetedza vanhu vanenge vachituhwina, vanosangana nedambudziko rakakura apo vanenge vachida kununura munhu anenge avekunyura, uyo anenge avhunduka azere nekutya uye achikavakava, nekuti zvaanenge achiita zvinogona kuvapinza mudambudziko rekuti vanyure muvura naye. Pfungwa dzemunhu dzakagara dzakagadzirira kurwira hupenyu. Saka mukuedza kurarama uku anenge achibatsirwa uyu, anobva aisa mununuri wake munjodzi.

Saka anenge achinunura uyu akaona kuti paita dambudziko anofanirwa kuti azvinyudze mumvura aende pakadzika kudarika panenge paine waanenge achinunura. Zvinobatsira kuti anenge achibatsirwa aregedzekuramba akabata anenge achimubatsira, kwoita chinhambwe pakati pevaviri ava.

Bhaibheri rinoti tinofanirwa kupa miviri yadu kunaMwari sekunge tirikuvapa zvipiriso zvipenyu. Ndiro basa rakanaka ratinogona kuitira Mwari (VaRoma 12:1). Zvinoreva kuti urikuita zvisina musoro nezvisina maturo kana uchitadza kuitira Mwari zvinhu izvi. Nyika ino irikunyura uye irikuda kukudhonzero pasi nayo, asi kana uchirarama hupenyu hunehudzamu, unokwanisa kukunda. Paunowedzera kurwisa kuti usanyudzwe, nyikawo inowedzera kukurwisa. Saka iwe chizvinyudza muhupenyu hwakadzika muna Mwari. Kana kuzvipira kwako kuna Mwari kukawedzera unenge uchibudirira pakuzvinyudza mavari. Aya ndiwo matanho aneuchenjeri aunokwanisa kutora. Zvinyudze mushoko raMwari. Zvinyudze mukunyengetera nemukusimudzira hukama hwako naMwari. Pauno enda pakadzika, unokunda nyika, yoregedza kuramba yakabaturira pahupenyu hwako.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwaKristu uhwo huri mandiri hunonyatsoonekwa, uye hapana anemubvunzo pamusoro pekuzvipira kwandinoita kuna Mwari. Ndiri shoko raMwari rino-famba, uye nguva dzese ndakazvipira kuraramira Mwari!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 3:2-3

**Ruka 13:8**

Akapindura akati kwaari, Ishe murege henyu nhaka kusvikira ndichiumira mupfudze

Chirevo chekuti, "Hupenyu hwakadzika" hakusi kushambadzira, kana kungotaurawo zvako. Ndiwo mararamiro atave kufanirwa kuti tiite sevana vaMwari. Ichi chirevo chakakura kudarika nzvimbo dzese dzirikusvikwa nenhau dzakanaka pasi rese. Uku, kudaidzira kukereke kuti ngaichitanga kurarama hupenyu hwakarovererwa pamuchinjikwa, uye kuraramira Mwari.

Kereke irikuita basa rayo zviripakati nepakati, isingashande nemwoyo wese, asi isu tavekukurudzira kereke kuti ichirega kudaro, ipe hupenyu hwayo hwakaperera kuna Mwari.

Kana tichiti hafichada zvepakati nepakati, tirikurevesa kuti ngaishanduke maitiro. Isu sekereke zva finotindezvepakati nepakati, kunemamwe makereke anenge achiti atosvika pachiyero chawo chepamusoro. Isu tavekuda kuita zvakadzama kudarika zvazviri izvezvi. Mugore rekuitika kweminana isingaverengeke, takapupura pamusoro pekuitika kwezvinhu zvaishamisa, apo vanhu vaiporeswa nenzira inokatyamadza. Minana inoshamisa yakaitika. Kana nezvisikwa zvakadairirawo mukuitika kweminana iyi gore rakapera. Saka chiyero chekuitika kweminana chinofanirwa kusimukira gore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Tichaona zvinhu zvakakururira. Hareruyah!

Kana usati wazvipira kurarama hupenyu hwako wakanyura muna Mwari ndiri kuku-koka kuti udaro kubvira nhasi. Mwari varikukupa nyasha dzekuti urarama hupenyu hwakadzika mavari gore rino. Ishe varikudzoka muchinguvana chirikutevera, uye varikuda kukuitira nyasha dzekuti uwone kubwinya kwaMwari nenzira isatiyamboitika. Rega nditsanangure kuti kana ndichiti chinguvana, ndiri kureva kuti hazvipere ipapo. Tinenge tichienderera mberi tichienda kwakadzika nekunamata.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikudaira parikudaidzirwa hupenyu hwakadzika nekuzvipira kuita zva-takanzi naMwari tiite. Ndakazvipira kuti ndiraramame hupenyu hwekuroererwa pamuchinjikwa saka handichabvuma kupinda muchivi. Nyenasha dzaMwari ndichapinda zvakadzika muna Mwari nekurarama ndiri makadzika navo nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 42:7

**1 VaKorinde 4:15**

Nokuti kunyangwe maiva nevadzidzisi vane zviuru gumi muna Kristu hamu-na madzibaba mazhinji nokuti muna Jesu Kristu ini ndakakuberekai neEvhangeri.

Kana uchigara munyika inopisa zvikuru unogona kushuvira kuti unge urimunyika ya-unomboona mumifananidzo, iyo inenge iine makomo anenge akaremba chando, nzvimbo dzese dzakazarawo nechando munyika iyi. Uye kana uchigara munzvimbo ine chando unogona kurota hako wakagara pamahombekombe egungwa kana kuti urimuchikepe zvako pasi pezuya rinenge richipisa mudenga musina kana kakore zvako. Vanhu vanogara munyika dzinopisa kana kuva nechando dzimwe nguva, Ha-vana shungu nekuenda kunogara kune dz-

imwe nzvimbo.

Zvaunoda zvinogona kuenderana nemamiriro ekunze emunyika yaungara, uye zvati-nenge tisiri zvinotivhiringidza. Ndzivo zvinokonzera kuti kuva nemunhu anokudzi-dzisa nezvehupenyu muhupenyu hwako kukoshe. Munhu anosimudzira hupenyu hwako haafanire kubvumirana newe asi anofanira kugadzirisa musiyano une uripo pakati pehupenyu hwako nehwake. Asi pane humwe hukama hwakakosha hwakaku-ra kudarika uhwu, hukama uhwiu ndehwekuva nababa vako vepamweya veneng vachikudzidzisa maererano nehupenyu.

Ndinogara ndichibvunzwa mubvunzo wekuti, ko ndoita sei kuti ndive mwanakomana wenyu pamweya? kana kuti, Ndoita sei kuti ndive mwanasikana wenyu pamweya? Mhinduro yandinopa yakangofanana. Baba vepamweya vanokupa zvizaruro zvaunorarama nazvo uchizvitevedzera. Saka haufanirwe kuridzirwa bosvo kuti wave mwanakomana kana mwanasika wangu vepamweya. Kana uchitenda kuti ndiri ba-ba vako vepamweya, zviito zvako ngazviratidze kuti uri mwana wangu. Ndirikuti zvakakosha kuti ubvise zvese zvinokukanganisa, uteere izwi rimwe chete, muma-zuva ano ekupedzisira. Usachinje chinje zvauri. Sarudza zvaunoda wogara uchipisa urimazviri! Enderera mberi wakatendeka kune uyo akaturirwa muhupenyu hwako naJehovha. Unokura wotanga kupupura pamusoro pekubwinya kwaMwari muhupenyu hwako!



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovimbwa neni muimba yababa vangu. Mwari vangu nababa vangu ve-pamweya vanovimba neni.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Timoti 1:2

**Johani 14:1**

Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa tendai kunaMwari mutendewo nek-wandiri.

Mwari vakanaka. Ichi, chizaruro chakakura chinokosha chaunofanirwa kuva nacho nguva dzese. Kune mumwe mukuru wekutenda anonzi Oral Roberts uyo akati: "Mwari ndiMwari akanaka, uye wakaipa akaipisisa." Zvakakosha kuti uzvinzwisise izvi, uye kuti ugone kuzvipatsanura kana uchitarisa zvinege zvichiitika muhupenyu hwako.

Kana pakaitika chinhu chakaipa, kana kuti zvinhu zvikasaita sezvaunenge uchitarisi-ra kana nenguva yaunenge uchitarisira, unogona kupa mhosva kuna Mwari nekuda kwekusaziva. Kana pakafa munhu unonzwa zvichinzi, "Mwari amutora," asi iye Mwari asina

waatora. Kana ukarwara kana mudikani wako akarwara unofunga kuti ndiMwari vanenge vazvikonzeresa. Pamwe unenguva yakareba uchigara muhurom-bo, uchifunga kuti kuda kwaMwari kuti urame saizvo. Ndinoda kuti uzive kuti, hazvisirizvo!

Mwari akauya arimunhu sa Jesus Kristu pane rino pasi kuti akupe hupenyu haana kuuya kuzohutora. Akafa kuti akupe hutano hwakanaka kweve kuti akurwarise. Akauya kuzokupa hupenyu hwezvakawanda nerugare, apo pausing shaye kuwana zvakana. Saka mweya wako ngairege kumanikidzwa. Mwari ndiMwari vakanaka! Tenda mukunaka kwavo. Paunosangana nezvakaoma muhupenyu hwako, us-abvumire kusatenda uye ramba kuvanechimwe chinhu chinoita kuti uvenemubunzo pamusoro pekunaka kwaMwari muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanowedzera zvakana zvaro muhupenyu hwanagu mazuva ese. Handina mubvunzo pamusoro perudo rwavo kwandiri. Saka hapana chandi-nomboty kana ndikasangana nezva redambudziko, nekuti Mwari vaneni, uye shoko ravo inzvimbo yangu yekuhwanda. Ndichawana zvakanakisisa gore rino rekurama hupenyu hwedenga pane rino pasi.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 145:8

**Johani 10:10**

Mbavha inongouya kuti ibe nokuuraya nokuparadza, ini ndikawuya kuti uve nohupenyu uve nehupenyu uye ave nehupenyu hwakawanda.

Ikodzero yako kuti uve nehutano hwakanaka hunotsigirwa nedenga, nekuti wakai-wana pakarovererwa Ishe Jesu pamuchinjikwa. Bhaibheri rinoti Ishe Jesu vakataku-ra matenda nehurwere hwese. Zvinoreva kuti hurwere hwese, hurema hutera nehurwere hwepanyama nemumwoyo. Pavakange vari pamuchinjikwa madhimononi erudzi rweve akauya pavari vakakunda ese. Zvinoreva kuti hapana hurwere hunob-vumidzwa kuti huvepo muhupenyu hwako.

Hazvibvumidzwe kuti muhupenyu hwemuKristu muve nehurwere. Hazvisimuropa rako kuti urware. Chiratidzo chehurwere pauri chinoreva kuti wakaipa arikuita misi-kanzwa auya paasingabvumidzwe. Saka kana ukanzwa wave nekakosoro usazviite zvinhu zvisina basa. Chirambe! Ibaso rewakaipa kuba kuuraya nekuparadza ramba kuva muridzi wezvinhu zvevakaipa. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, usambofa wakabvuma hurwere chero hupi zvahwo. Harisi gomarara rako; hachisi chirwere chako che shuga uye hachisi chirwere chako cheBP. Zvirwere zvasatani. Bhaibheri rinoti tinofanirwa kudzinga wakaipa (Marko 16:17). Zvinosanganisira wakaipa nezvewe zvinomutsigira nezvinhu zvake zvewe. Unekodzero yekuva nehutano hwakatsigirwa nedenga. Saka kane panechaunoda kuti chive chako, sar-udza hutano hwakanaka.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kuva muridzi wezvirwere, matenda, kana zviratidzo zvechese chisingaenderane nezvakataurwa naMwari pamusoro pangu. Mwari vakati ndinehupenyu hwakareba, hutano hwakanaka, uye hupfumi. Saka ndiri ku-tora hupfumi hwangu, iwe satani tora hurwere hwako neZITA GURU RA JE-SU!

MAVHESI EKUVERENGA: Mateo 8:16-17



OSBORN INSTITUTE
of THEOLOGY



OSBORN INSTITUTE
of THEOLOGY

ENROL NOW FOR NEXT INTAKE

CERTIFICATE & DIPLOMA



THE OSBORN INSTITUTE OF THEOLOGY FOUNDED BY PROPHET UEBERT ANGEL AND FULLY ACCREDITED BY TRANSWORLD ACCREDITING COMMISSION INTERNATIONAL, PROVIDES AN AWARD-WINNING ONLINE LEARNING PLATFORM THAT EQUIPS MEN AND WOMEN WITH THE REVEALED WORD OF GOD. OIT PREPARES MEN AND WOMEN TO SHARE AND BEAR WITNESS OF JESUS CHRIST TO THE CHURCH AND THE WORLD.

ENROL NOW AT WWW.OSBORNINSTITUTE.COM



The Millionaire Academy

with

H.E. Ambassador Uebert Angel

Forbes featured mogul Uebert Angel helps rising entrepreneurs grow their businesses with 'The Millionaire Academy'. -FOX
'Prophet of Success' -Forbes

www.themillionaireacademy.org

**Mabasa 20:24**

Zvisinei hazvo, ini handioni upenyu hwangu sechinhu chinokosha, dai bedzi ndapedza nhangemutange yangu uye ndapedzisa basa randakapiwa nalshe Jesu, basa rokupupura vhangeri renyasha dzaMwari.

MuApostori Pawuro inhume yakamhanya kumberi kwedu akatipakurira chizaruro pamusoro pevhangeri renyasha, ratirikuparidza nanhasi. Chokwadi chezviri kuitika mazuva ano pamusoro pevhangeri ndechekuti isu tirikumanya nevhangeri kudarika zvaitwa kare, zvikuru sei mumazuva ano ekupedzisira. Kana kuchiiitwa mujaho wekumhanya wekutambidzana chimuti, anomhanya pekupedzisira ndiye anomhanyisa, kuitira kuti chikwata chake chikunde. Tirikuenderera mberi nekumhanya neshoko iri uye tirikukumikidzwa kuti

tipedzise mujaho watakatambidzwa nevakuru vevhangeri vaMwari. Hapana chinotivaraidza nekuti tinonzwisisa kuti anenge achimhanya mumujaho, anofanirwa kuramba akatarisa kumberi kusvikira asvika paunogumira, ophwa mukombe.

Tine vakuru vaMwari vakaenda kumberi kwedu nevhangeri isu tisati taritambidzwa. Vakuru ava vanoverengera bishop vakuru Benson Idahosa, Maria Woodworth-Etter, naKathryn Kuhlman. Vese ava vakamhanya nevhangeri nenzira yakakurisisa uye vakatitambidza chimuti kuti timhanye kwekupedzisira tikunde. Kumhanya mumujaho uwu mukana wakanaka watakapihwa usina vamwe. Uri nhengo yechikwata ichi icho chakapihwa simba naMwari rekumhanya nekupedzisa mujaho uyu. Saka usanete. Unokunda ugopemberera, Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikumhanya mujaho ndiri mugwara rangu. Maziso angu akatarisa kwamuperera uye hapana chinondivaraidza kana kundikanganisa. Mukombe wave pedyo kuti ndiuwane zvekuti handisi kuzotarisa kumashure, saka ndiri kuenda mberi handidzoke kumashure! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 Timoti 4:7

**Genesisi 3:24**

Naizvozvo akadzina munhu akaisa makerubhi kurutivi rwemabvazuva rwomunda weEdheni nomurazvo womoto waimonereka kumativi ose kurindira nzira yomuti wohupenyu.

Pamberi pechigaro chaMwari pane marasha emoto ayo anenge achifamba maserafim. Bhaibheri rinoti muvengi wako satani ingirozi yakatadza kufamba pamusoro pemarasha aya semaserafim. Wakaipa akagadzirwa nemoto. Zvese zvinoshandiswa kurwisa muvengi zvinomudzina nekumuparadza kusara kwechinhu chimwe chete, chinova moto. Johani mubhabhatidzi paaitaura pamusoro paJesu aiti ndiye achabhabhatidza nemvura nemoto. \Chero chipi chounounzirwa nemuvengu muhupenyu

hwako, iwe दौरa nemoto. Yave nguva yekurwisa moto nemoto. Moto waMweya Mutsvene ndicho chombo chinesimba rakakurisa rekukunda naro miseve yewakaipa inopisa. Moto waMweya Mutsvene arimo mauri, Unawo moto uyu uye yavenguva yekuti uratidze kuti uriani. Aei mauri anesimba rakakurisa kudarika ari panyika, Kubaka moto zvinoreva kuvanemoto waKristu. Uribhora remote rakagadzirira kurwisana nemuvengi. Unemukana wekukunda saka iva nechivindi uye usimbe. Unokunda nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine moto uye ndakagadzirira kurwisana nemuvengi. Handimbofa ndakabvumira muvengi kufi atonge nharaunda yangu uye handisi kuzomudiyira chigaro change. Handibvume kukundikana, kunyangwe zviite sei, ndichagara ndichikunda nezita raJesu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Madzimambo 6:17



Mabasa AvaPostora 17:28

Nokuti maari tinehupenyu tinofamba tiripo sezvakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti nokuti tiri rudzi rwake wo.

Mumakore akapfuura, pane patakaenda kunzvimbo inonzi Gay Village, muguta reManchester ku United Kingdom tichinotsvaga nzvimbo yekuti tibhadhare tiitire rushando rwedu neimwe svondo. Nzvimbo iyi inogara ngochani, uye vanotatama hupenyu uhwu pachena vasingahwande. Tiripakati perushando rwedu mumwe musu, mukuru anochengetedza nzvimbo yataipindira kereke akaedza kumisa kushumira kwandaita, ndikaregera kumuteerera akandipamucherechedzo wekuti tisangane pamusuo.

Pfungwa yaakaita yekuti anokwanisa kukanganisa kuitwa kwebasa raMwari paadira yakatsamwisa mweya wangu. Saka ndakaburuka kubva pandaishumira naye ndikanyora mutsetse pasi ndikatema chirevo chekuti kana akayedza chete kudarika mutsetse uyu, aizosangana nesimba raMwari nenzira isati yambooneka. Saka mukuru uyu akadaidza mamonya ake maviri kuti anditiburitse muchivakwa chatainamati-ra. Paakangoedza kucharika mutsetse wandakange ndanyora pasi, akasangana nesimba raMwari, rikamudonhedzera pasi nenzira inoshamisande. Mamonya ake akabva atizawo paakaona zvakadaro zvichii-tika. Wedzera simba raMwari mauri uone wakaipa achitiza pamberi pako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikusimudza cjiyero chesimba mandiri nezita raJesu. Simba iri harimbofa rakapera. Ndicharamba ndichirwisa muvengi. Mamiriro ezvinhu apidiguka kuti zvindishandire uye kamba yemuvengi yavekungodzungaira isisazive zvekuita. Ndirikukonzeresa kuti muvengi atize nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 12:10

**Mapisaremas 76:2**

PaSaremi wo ndipo pane tebanekeri yake, napaZiyoni hugaro hwake

Kana ndichiti isu tinotaura nendimi, zvinokonzereswa neguta ratinobva rinonzi Ziyoni. Bhaibheri rinoti Abrahama aitsvaga guta rakange ratangwa nekuvakwa naMwari. Abrahama akatenda muna Mwari zvakaperera zvekuti akatofenda kuti kune guta rakakura kudarika rinogadzirwa nevanhu, iro rinomirira huvepo hwaMwari. Abrahama aishuvira kuti avemugari weguta iri zvikakonzera kuti agare mumatende achifamba achibva pane imwe nzvimbo achiyenda kune imwe achitsvaga guta iri.

Ndine vanhu vandinombosangana navo kuguta reZiyoni uye pandinosangana navo mukereke ndinobva ndaye-

euka musangano wandinenge ndaita navo Muguta rekudenga reZiyoni. Musangano wandinenge ndatanga kuita nemunhu muguta reZiyoni ndiwo unokonzeresa kuti nditange kutema zvirevo pamusoro pemunhu uyu kana ndazosangana naye panyama izvo zvinokatyamadza munhu uyu uyo anenge achibvuma zvese zvandinenge ndichimuudza pamusoro pehupenyu hwake nekuti chinenge chiri chokwadi!

MuZiyoni kunopihwa mazano anoshandura hupenyu hwevanhu. Iguta risinga pererwe uye risingashaye. Ukaita mufungo wekuti kunyangwe urimunyika ino hausi wemuno unotanga kutema zvirevo zvinhu zvichiuya kana kuitika panyama wobva watoona uchirarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Hakuna hurwere, matenda kana hurombo muZiyoni. Chiraramawo hupenyu hwakadaro kubvira nhasi. Unobva wasangana nesimba redenga nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimugari weguta reZiyoni, hareruyah. Saka ndinotaura kusanangurwa izvezvi. Ndine mari inofashukira uye handimbofa ndakashaya hupenyu hwangu hwese Kubuda kwangu nekudzoka kwangu ndakaropafadzwa nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 132:13

**2 Timoti 3:2**

Nokuti vanhu vachava vanozvida, vanoda mari vanozvirumbidza, vanozvikudza vanotuka vasingateereri vabereki, vasingatendi, vasati vari vatsvene.

Vanhu varikurarama mazuva ano varikuita zvakaipa zvekuti tsika nemagariro akanaka zvaparara sezvo huipi huri kushambadzwa uye huchiomberwa nevakawanda. Kune ruzha rwakawanda rwuri kupembedza kuitwa kwezvakaipa. Zvinoreva kuti kana uchida kumiririra Mwari unofanirwa kuita ruzha rwakawandisa kudarika rwunopembedza zvakaipa. Kuri kufanirwa kuti kudaidzirwe kuti zvinhu zvaMwari zvikosheswe uye kuti vanhu varurame. Kereke wo yapindirwa neruzha rwekunze, izvo zvakonzerawo kuti vaparidzi vatadze kutaura shoko sezvariri. Zvatinonzwa mazuva ano mumakereke mashoko anobva muhuchenjeri hwevanhu asina mature, pasina kuratidzwa kwesimba raMwari!

Basa redu nderekuratidza simba raMwari kuitira kuti avo vasingatende vatange kubvuma kuti Mwari variko. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi ndinokurudzira kuti udaidzire paunenge uchitaura nezvaMwari. Gore rino ramba kunyararidzwa. Panguva ino yezvakadzika zvaMwari hausi kuzowira mumaoko ewakaipa. Wakachengetedzwa naKristu. Saka ino yave nguva yekuti iwewewo uratidze simba raMwari iro rinovhiringidza vanehuchenjeri hwenyika. Saka simba uite basa raMwari nekuti vanewe. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri waJesu uye hupenyu hwangu huri munaKristu. Ndinorarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa, uye ndakagadzirira kumirira Ishe Jesu nguva dzese. Handivhunduke ndinoramba ndakamirira hushe panguva ino yekurarama hupenyu hwakadzika muna Mwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri waJesu uye hupenyu hwangu huri munaKristu. Ndinorarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa, uye ndakagadzirira kumirira Ishe Jesu nguva dzese. Handivhunduke ndinoramba ndakamirira hushe panguva ino yekurarama hupenyu hwakadzika muna Mwari!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:2



Mabasa AvaPostora 28:23

Zvino vakati vamutarira zuva vakauya kwaari vari vazhinji, kwaakange age-re akavadudzira nokupupurira kwazvo hushe hwa Mwari vakava gombedzera pamusoro paJesu nomutemo waMose-si nava Porofita kubva mangwanani kusvikira madekwana.

Pane musiyano wakakura uri pakati paMozesi nemaPorofita. Mwari havana kukanganisa kuratidza musiyano uyu mushoko ravo asi kuti ivo mbune ndivo vanoisa Mozesi pachinzvimbo chakakura kudarika mamwe maporofita ese.

Zviporofita zvese zvandinoina pamusoro penyika dzakasiyana siyana, kana kuvakuru venyika, veimba yehushe kana kuti zvinenge zvichiitika mumitambo,

zvese zvinozadzikiswa nekuti Mwari vanenge vandiratidza zvakanzi-ka, zvinova zvavo vega. Zvimwe zvandinoda kuti ucherechedze ndezvekuti ini ndinotaura chete zvandinenge ndanzi naMwari nditaure, kunyangwe zviri zvinhu zvinogona kuisa hupenyu hwangu panjodzi.

Mwari havasimuremekedzi wevanhu uye vanogona kungokusarudzawo iwe chero ipi nguva kuti vakuitise zvavanoda. Vamwe vagara vari vanhu vakazvipira kuita basa ravo uye vanoteerera zvekuti Mwari anovashandisa neznira inoshamisa kuti azadzikise zvido zvake pane rino pasi. Shoko raMwari rinotiudza kuti vanhu akaita seivava vanofanira kutyiwa nekuti vanotaura pfungwa dzaMwari uye zvichizoitika sekutaura kwavo. Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura zvandinoda kuti zviitike uye zvichaitika sekudaro. Ndinotaura shoko raMwari. Hapana chinondizungunutsa uye hapana munhu anezvaanogona kundiiita nekuti ndine simba raMwari mandiri. Ndichazadzikisa zvido zvaMwari muhupenyu hwangu kubvira nhasi uye nenguva dzese.

MAVHESI EKUVERENGA: VaEfesu 2:10

**VaGaratiya 4:7**

Sakai we hausisiri muranda asi mwana-komana kana wava mwanakomana wave mudyi wenhaka yaMwari muna Kristu.

Pandaka pihwa mvumo yekuvamugari weku United Kingdom ndine zvimwe zvinhu zvandakava nekodzero kwazviri izvo zvandakange ndisinga zive kuti ndaifanirwa kuzviwana Semucherechedzo pandaitama kubva pandaigara ndichiyenda kunemba itsva, ndaifanirwa kupihwa mari nehurumende yekutenga nayo zvekurongedza mumba mangu. Iwewewo semwana waMwari unekodzero yaunayo kuzviwanikwa zvaMwari, nekuti uri wehushe hwedenga, hwamambo Jesu Kristu.

Pane musiyano wakakura uripakati pekuziva kodzero yako nekuishandisa. Mamwe maKristu anonyepedzera kuti anoziva kodzero dzawo sevana vaMwari asi chokwadi ndechekuti havashandise kodzero iyi zvokonzeresa kuti vagare muhurombo. Zvinowanikwa pakuva vana vaMwari zvakawandisisa, uye zvakakurisisa! Mugore rino ratakagoverwa naMwari rikanzi nderekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, inguva yekuti utore zvese zviri zvako nezira raJesu. Bhaibheri rinoti, “Kubvira mazuva aJohani mubhabhatidzi kusvikira iye zvino hushe hwaMwari hunorwisa uye vanechisimba vanotora zvavo nechisimba” (Mateo 11:12). Muka uzive kuti uri ani uye kuti uri ani muna Kristu, kukunda kwako kunoonekwa nemunhu wese nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semwana waMwari ndirikuzotora zvese zviri zvangu muna Kristu Jesu. Handisi kuzobvumira muvengi kuti atore zvangu kana kundirambidza kuti ndizviwane. Ndichararama hupenyu hwedenga pane rino pasi nezita raJesu! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:17

**Jobho 22:24**

Isa pfuma yako paguruva nendarama yeOfir pakati pemabwe ehova.

Mumakore apfuura zvipo zvako nekud-yara kwako zvakauya pamberi pemusi-ki uye zvese zvinyorwa zvese pamusoro pehupenyu hwako zvakachengetedz-wa kudenga. Wakapa ukapa ukapa zvakare, ukadzokororazve kupa. Wakadyara ukamirira goho racho. Wakaita mushandirapamwe naMwari ukadyara mbeu uchichema, rino igore rako rekukohwa. Ndiri kuona goho rakakura richiuya kwauri iro richashandura mamiriro ehupenyu hwako zve-kuti uchagara uchipupura kuti Mwari vakanaka, uye vane nyasha. Uchatat-amuka! Nguva yegoho rako rakakura yasvika uye uchaunganidza goridhe seguruva!

Wapinda munzvimbo yako yekupfuma iyo icharamba ichingowedzera hapana chichakumisa zvakare. Wasimudzwa zvino kuti utsigire hushe hwaMwari nemari uye uchatsigira kuitwa kwebasa ra Mwari nechiyero chakakura. Usarambe hupfumi uhwo hwauchapfeka pauri sembatya nekuti Mwari varikuti, "Ngavadaidzire nemufaro vafarisise avo vanot-sigira kururama kwangu: Ngavarambe vachiti, Mwari ngaakudzwe iye anofarira hupfumi hwemuranda wake" (Mapisarema 35:27). Mwari ndiye muvambi nemuruki wenzvimbo yehupfumi hwawapinda pahuri. Kudyarda kwawakaita kuri kuverengerwa kuti wakukohwa hakusi kwe-makore akare chete kwete kunosanganisira kwawakaita pataiyam-bukira kugore ra2023 nekuti wakazviita zvakare. Zvino goho rako rasvika. Chipemberera kudzamara nekusingapere! Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikufamba mugoho rangu nhasi, Ndakagadzirira kukohwa pakuru kudarika zvandinofunga kana kufungira. Ndinoziva kuti Mwari vakandipa zvakaanda uye ndiri kukohwa goho rangu izvezvi nezita raJesu! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: Haggai 2:8

**Mapisarema 92:13**

**Vakasimwa mumba maJehovha
vachakura muvazhe dzaMwari wedu.**

Makore akauya akapfuura iwe uchiripo nanhasi. Nyaya yekuti Mwari vakuchengeta vakakusiya uri mu-penyu panguva yedzihwamupengo inoratidza kuti wakakosha kuna Mwari. Kunyangwe wakakomberedzwa nevavengi avo varikuseka mvongamvonga irimuhupenyu hwako parizvino, une kudanwa kwawakaitwa naMwari kusina anogona kupikisana nako. Iwe unozviziva uye vemumhuri mako nevamwe vakakukomberedza vanozvizivawo.

Dambudziko raunararo rakaunzwa neku-ti Mwari vaikushambadza, vachiratidza kuzvipira kwako kubasa ravo uye

nekushoko ravo. Zvino chiudza avo vaifunga kuti hausimuke zvakare kuti ino inguva yehudzamu hwehukama naMwari uye kuti hauwire pasi zvakare. Vanamatire kuti vararame kwenguva yakareba vagokuona uchisimudzwa senyanga yebhiza (Mapisarema 92:10). Panguva ino yehupenyu hwakadzika muna Mwari urikusimukira chete kunyangwe paine vamwe vanenge vachishuvira kudonha kwako. Hupenyu hwako hune zvikamu zvikamu. Munguvana irikutevera gore risati rapera uchaona vaye vaidakukutsikirira varindivo zvakare vanenge vavekukukorokotedza vachifarira magumo akanaka echitsauko chehupenyu hwako. Uchapihwa korona yakapetwa yekucherechedza matambudziko awakasangana nawo! Hareruyaah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nguva yangu yasvika! Ndabvisirwa kunyadziswa nekutukwa muhupenyu hwangu. Ndakakoshera Mwari semboni yeziso ravo uye ndakanyatso chengetedza munzvimbo dze dzehupenyu hwangu. Maoko ango nemakumbo zvakaropatdzwa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Isaya 60:1

**Genesisi 3:11**

Iye akati, “Ndiyaniko akakuudza kufi hauna kusimira? Wakadya kanhi muti wandakakuraira kufi urege kudya?”

Mwari pavakadzika manheru kwave-kutonhorer kuzowadzana naAdhamu naEvha vakange vari ndivo chete baba neshamwari yevaviri ava. Sungano yakanga iri pakati paMwari naAdgamu yakanga yakasanangurika zvekuti Mwari vakasika mhuka vakapa Adhamu basa rekuti adzipe mazita. Mwari sababa vakaratidza chikonzero chavakange vasikira Adhamu. Adhamu akakoshesa zvaakange atumwa naMwari uye aiteerera izwi ravo chete zvekuti aigara mwoyo wake uine runyararo achitungamirirwa naMwari. Hurukuro yakazoitika pakati peWakai-pa naEvha uyo akazofurira Adhamu ndiyo yakakanganisa hwaro hwehu-

penyu hwaAdhamu nechikonzero chezvaakange asikirwa naMwari, zvikapinza rudzi rweve rwevanhu muna taisireva.

Mubvunzo waMwari kuna Adhamu naEvha wekuti Ndiyaniko akakuudzai, unoratidza kutsamwa kwavange vaita (Genesisi 3:11). Nanhasi mubvunzo iwoyo urikubvunzwa naMwari uyo arikuri kwauri Ndiyaniko ati hauzvare mwana? Ndiyaniko ati uchagara urimuhurambo hupenyu hwako hwese? Ongorora kufi zvakanosha kufi uzive kufi ndiyaniko arikutaura newe achikuudza mashoko akadaro. Izwi raMwari pamusoro pehupenyu hwako rinehutorikwa hwerugare nehupfumi nekufi varikuda kufi uveropafadzo kurudzi rwako nekumarudzi anotevera. Rega kuteerera kumazwi akawanda gore rino ayo anokubvisa kubva hwaro hwehupenyu hwahwakasikirwa naMwari. Teerera izwi rimwe chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorekerera nzevedzangu kuizwi rechiporofita rimwe chete rinotaura pamusoro pehupenyu hwangu. Handikanganiswe nemamwe mazwi anotaura zvinopesana nehwaro hwehupenyu hwangu. Ndicharamba ndichienderera mberi ndichiita zvakadaidzirwa naMwari ndichitungamirwa nechiporofita mazuva ese nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Genesisi 3:12



Muporofita Isaya 60:3

Marudzi achauya kuchiyedza chako, namadzimambo kukubwinya kwakabudikira.

Murume anonzi Colonel Harland Sanders, anova ndiye akavamba kambani yeKFC (Kentucky Fried Chicken) iyo inozivikanwa zvikuru nezvekubika, akatanga bhizimisi rekukurudzira mamwe makambani ezvekubika kuti atev-edzere mabikiro ake, ave nemakore makumimatanhatu nemashanu. Uye akavamba bhizimisi iri achishandisa madhora zana neshanu epenjeni yake yaaitambira pamwedzi. Nhasi uno kambani yeKFC ine nzvimbo dzekudyira dzinodarika zviuru zvishanu nemazana maviri 5,200 mu nyika yeUnited States uye ine mamwe mapazi zviuru gumi nezvishanu 15,000 pasi rese. Mu-

gore ra 2020 kambani iyi yakawana mari inoita mabhiri yoni makumi maviri nemasere, \$28 billion! Urwu rwendo rwekuhupfumi rwakaitwa nemurume akapedza makore nemakore achitambudzika arimuhurombo rwunoshamisa.

Usamiswe nemakore ako ekuberekwa kuti uite zvinoshamisa. Kana ukatadza kushandisa chipo chiri mauri unoramba uchingotatarika muhupenyu wovenga avo vakaziva simba riri mavari nezvipo zvavo. Adhamu akange akasuruvara asi Evha akange ari mauri. Dambudziko rine vakawanda nderekuti vakatosiyana nenyaya dzekuda kubudirira vachifunga kufi vakura, vamwe vanozvitarisira pasi kuburikidza nekwanobva, vamwe nenhau yekushaya chikoro uye vamwe nenhau yekufi vakagara vachinzi hapana chavanokwanisa kuita muhupenyu nezvimwewo zvakadaro. Honaka iwe, kana muvambi weKFC akakwanisa kuvamba kambani iyi aine makore makumi matanhatu nemashanu, akapidigura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwake kusvikira agadzira kambani inomupa mamiriyoni emadhora, okwanisa kusiyira vana nazvizukuru zvake nhaka yemabhiri yoni akawanda emadhora, koi we chinokutadzisawo kudaro chii? Iwe wakazara namweyamutsvene nesimba rake uye kana ukataura zvisikwa zvese zvinokuteerera! Gore rino rekurama hupenyu hwedenga pane rino pasi. igore renyaya yehupenyu hwako, nekusimudzirwa kwako usingadzokeri kumashure hupenyu hwako hwese.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakapfuma, ndirimupfumi uye mari yangu iri kuuya! Ndirikurama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Hapana chakanaka chandinoshaya. Hupenyu hwangu huzere nemufaro uye ndichagara ndichirumbidza Mwari, musiki wangu. Ndichava ropafadzo kwese kwandinoenda. Ichi ndicho chikamu change nezita guru raJesu. Hare-ruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Isaya 49:23

**Johani 3:16**

Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa arimumwe oga kuti aninani anotenda kwaari arege kuparara asi ave nohupenyuhusingaperi.

Chimwe chinhu chakanaka china Mwari RUDO, urwo rwunosanganisira hushamwari hunyoro, kuremekedza, kuda nekurumbidza. Munyasha netsitsi dzavo Mwari vanazvo zvese izvi, uye nezvimwewo zvisina kutsanangurwa. Ndinombozvivbunza hangu kuti nonyatsonzwisisa here kuti rudo rwaMwari kwauri rwunorevei. Simba rerudo rinoratidzwa zvikuru sei neapo pava kapa mwanakomana wavo Jesu kuti vatitenge, vatidzose kwavari. Vamwe vanotaura pamusoro pekuti vane rudo asi chokwadi ndechekuti rudo rwava-

notaura nezvarwo urwo harwuwoneki muzviito zvavo nemumagariro avanoita nevamwe.

Mukereke ndimo munoonekwa chokwadi pamusoro pemagariro anoita maKristu nevamwe. Vatendi vanenge avakaita zvikwata zvikwata uye kuwirirana kwavo kuchienderana nezvavano wirirana nazvo kana kuti kwavanobva, zvekuti vamwe havanzwe sekunge vanenge vari nhengo dzekereke yavanopinda kuburikidzwa nekusarudzwa kwavanege vachiitwa nevamwe. Kana tikachekwa miviri yrdu, tese tine ropa dzvuku zvisineyi kuti tinenge tiri vemarudzi akasiyana. Ndozvimwe chete nerudo rwaMwari, urwo rwakadururirwa munhu wese zvisi neyi neruvara rweganda rake, chinzvimo chake kana kwaanobva. Chimbofunga nezvazvo ! Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimubatandzwa werudo rwaMwari. Rudo rwavo rwunoonekwa mandiri kuburikidza nekuchengeta nekuwadzana nevamwe. Handikwanise kurarama hupenyu hwangu ndisina rudo mandiri. Shoko raMwari ririkushanda mandiri saka ndicharamba ndichiratidza hunhu hwaMwari kuburikidza nerudo, rwandioratidza vamwe!

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 5:8

**1 Madzimambo 18:46**

Ruoko rwaJehovha rwukasimbisa Eriya akazvisunga chiuno chake akamhanjira pamberi paAhabhi kusvikira pasuwo reJezereeri.

Kana uchida kuti ubudirire unofanirwa kuita zvinhu nekukurumidza, uye zvinoda kuitwa zvinoda kuitwa nekukurumidza pasina zinyeke nyeke. Kana paine anenge achiendeswa kuchipatara motokari dzinotakura varwere, maambureni anomhanya kudarika mafambiro aanombita. Kana paine chiiitiko chinenge chichizikonzera hupenyu kana rufu, mitemo yese yemumigwagwa inombosendekwa parutivi kutira kuti ambureni iwane mafambiro. Munhu anenge achifanirwa kuwana rubatsiro uyu anomhanyiswa nekukurumidza kuitira kuti awane kunobatsirwa kuchipatara. Kunonoka kwakasiyana

nekumhanya, uye muhushe hwaMwari kunonoka kunokanganisa budi-riro.

Rimwe zano rinoshandiswa newakaipa nderekuita kuti muKristu agare arip[anzvimbo imwe chete, pasina chinenge chichufamba muhupenyu hwake. Kana Mwari vakapindira mubhizimusi, muwanano yako, munyaya dzako dzemari, kana mumhuri mako, unoono zvinhu zvavekufamba zvinoshamisa, kwese, mumweya nepanyama. Vamwe vedu tavanenguva yakareba tichinzwira muvengi tsitsi zvekuti pese pataikandirwa chibhakera taiona sekunge ndizvo zvinofanirwa kuti zviitike, asi hapana chakanaka nekumisirwa zvinhu muhupenyu. Kana pasina chirikufamba muhupenyu hwako, inyaya yaunofanirwa kuti uyende nayo kunaMwari uchinamata nezvayo uchishandisa shoko ravo. Zvinobhadhara kuti uve ndiwe unorwisa pekutanga kana uchirwa nemuvengi. Iyi ihondoka iyi, uye nguva yekuti ubatsirwe nedenga kuti ukunde yavvika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handigone kunonoka. Ndirikumhanya mujaho wangu nesimba uye ndakasvinuka. Ndirimusoro handisi muswe, uye ndichamhanya ndigodzora zvese zvandakabirwa newakaipa nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA: Muporofita Isaya 8:11

**2 VaKorinde 4:18**

Tisingatariri zvinooonekwa asi zvisingaonekwi, nokuti zvinooonekwa zvinopfuura asi zvisingaonekwi ndezvokusingaperi.

Hupenyu ndehwemweya kudarika panyama. Vhesi redu ranhasi ririkutaura pamusoro pezvinhu zvisingaoneke asi zvakasimba, uye zvichigara kudarika zvinhu zvinoooneka izvo zvisingagari nekusingapere. Unganzwisise sei zvataurwa nemuApostora Pawuro izvi zviripamusoro pezvedenga zvinonzi zvinobatika? Mubhuku randakanyora rinonzi Hello Holy Spirit, ndinotaura pamusoro pekushanyirwa kwandakaitwa naMweya Mutvene mumba mangu ndikaita hurukuro naye. Misanganoyepamweya iyi inoita kuti ndione nekuziva chokwadi chiri maererano

nekubwinya kwaMwari.

Mwari pavanouya kurushando rwedu, kumisanganano kana pamakungano evanhu vakawanda, vanodarika zviuru zana zvevanhu, ndinoona kuratidzwa kwesimba raMwari kuburikidza neminana nezvishamiso zvinoitika ipapo. Zvepamweya ndizvo zvinoshanduka zvoita zvepanyama, simba raMwari robva raratidzwa. Minana iyi painoitika panosara pasina mubvunzo nekuti panenge paine humboo hwakakwana pamusoro paro. Pamazuva ebhaibheri, kubwinya kwaMwari kwaiburuka kwozadza kereke zvekuti zvaitonetsa kupindamo. Kubwinya kwaMwari kwakadaro kunowanikwawo nanhasi mukereke yedu ye Spirit Embassy. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoona nekunzwa kubwinya kwaMwari kwakandikomberedza. Ndirimugovi wekubwinya kwaMwari. Pese pandinotsika ndinozadza nzvimbo yacho nekubwinya kwaMwari. Nharaunda yangu iyakazara neminana nezvishamiso, izvo zvinonditevera kwese kwandinoenda nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 5:7



Mabasa AvaPostora 4:20
Nokuti hatigoni isu kurega kutaura zva-
takaona nezvatakanzwa.

Mumwe anogona kubvunza kuti chiiko chinonzi mutoro uye kuti ungaturwe sei? Iyi mibvunzo yechokwadi. Rega nditange nekuti mumazuva avo Muporofita Jeremiya vakanzwa vakatakura mutoro, wekuti vashambadze shoko raMwari. Muporofita Jeremiya vaiche-ma chema kufi vaitadza kutaura nezita raMwari. Asi pekupedzisira pachu vakati, “..Handichataura pamusoro pavo uye handichataura nezvezita ravo. Asi shoko ravo ririmumwoyo mangu riikupisa semoto mumapfupa angu, handikwanise kunyarara” (Muporofita Jeremiya 20:9)! Maiwe zvangu!

Mutoro chinhu chinorema; idambudziko rinorema raunonzwa kuti unaro uye kuti unofanirwa kuti urigadzirise. Dambudziko iri, unonzwa kuti unofanira kuti urigadzirise nekukurumidza zvekuti unenge uchida kuenda naro kukereke kana panzvimbo inoshumirwa. Mutoro unokusimudza kubva paugere zvakanaka, uye unokushaisa hope, kana usati waugadzoirisa. Kana uchinzwwa uchinetsika waona paine zvinofanirwa kuitwa musangano, unobva waita mutoro wako uye iwe ndiwe unenge wakadaidzirwa kuti uwugadzirise. Paunogopedza chete kugadzirisa unonzwa wazara nerunyararo uye mwoyo wako unobva watanga kuvanerunyararo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirira kuita basa randakadaidzirwa. Handibvumire kuti mumba mamwari mitwe zvenungo. Ndinoziva kuti ndirikubva pane chimwe chiyero chekubwinya ndichiyenda panechimwe. Ndinoziva kuti muna Kristu mune zvakawanda saka ndakazvigadzirira kuti ndinyure maari nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 9:16







BECOME A **GoodNews** PARTNER TODAY BY VISITING
DAILY
WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER

GoodNews

DAILY

EVANGELISM





Muporofita Jeremiya 23:29
Shoko rangu harina kufanana nomoto here? Ndizvo zvinotaura Jehovha, uye senyundo inoputsanya dombo here?

Mamwe maKristu anokanganisika kane avekutaura nekutema zvirevo pamusoro pezvaanoda kuona zvicjiti-ka muhupenyu hwavo. Semuenzaniso vanochemba chema nekugununguna pane kuramba nechisimba zvinhu zvinenge zvichishungurudza hupenyu hwavo. Vamwe ndovanoramba vakanyarara vachishungurudzika mupfungwa dzavo uye vamwe vanosarudza kuimba pamusoro pengoni dzaMwari ichochikepe chehupenyu hwavo chichinyura! Ndinonamata kuti hausu mumwe wemaKristu akadaro. Kunzi muKristu zvinoreva kuti unorarama hupenyu hwako uchitevedzera

zvaaitwa nalshe Jesu. Jesu akanga siri munhu aigara akanyarara kana akasangana nezvaipesana naye kubva kuvakuru vekereke, uye aituka mhengo madhimoni kana satani pachake zvekuti simba rake rainzwika mekuonekwa.

Tiri vamiriri vaJesu mukati menyika ino. Tinotaura tichinyatso vimba tichiti “nhumbi dzatinorwa nadzo hadzisi dzenyama, asi dzine simba pamberi paMwari rokuputsa mhare” (2 VaKorinde 10:4 KJV Uri mumiriri wedenga akapfekedzwa nhumbi dzokurwa nadzo dzemauto. Popotera muvengi nemashoko anopidigura hwaro hwehupenyu hwako. Ramba kunyarara. Taura nechisimba rawakapihwa naKristu mushoko rake. Manikidza kuti simba rako rinzwikwe nezita raJesu! Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko angu anesimba. Handichagara ndakanyarara. Ndi- chatema zvirevo ndigotaura zvivimbiso zvaMwari pamusoro pe- hupenyu hwangu. Ndinotaura hupenyu nekumutswa kwechese change chafa muhupenyu hwangu. Handife, asi ndichararama kuti ndipupure shoko raMwari, Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: VaHebheru 4:12

**VaRoma 11:33**

Haiwa kupfuma kwokuchenjera nokuziva kwaMwari kwakadzika sei! Kutonga kwake hakunganzverwi nenzira dzake hadzingarondwi!

Pane nzvimbo muna Mwari paunofunga kuti wasvika asi rega ndikuudze, zvaunenge uchifunga hazvisirizvo. Vatumwa vanodaidza Mwari vachivati Mutsvene (Zvakazarurwa 4:8) nekuti ngirozi idzi dzinoona zvinhu zviitsva pamusoro paMwari zvadzisati dzamboona pese pavanocheuka kana kufamba. Chimbopafunga kuti kubvira nekubvira nechekare uye kuchiverengwa makore akapfuura ese, Mwari vanoramba vachizviratidza nenzira yakasiyana nguva dzese, izvo zvinobva zvakatyamadzawo ngirozi. Panezviyero zvirii muna Mwari zvisin-

ganzwisisike uye zvisina magumo. Muporofita wese wemazuva ekare uyo akambofamba pane rino pasi akaona chiratidzo chaMwari chisati chambooneka. Semuenzaniso, Abraham was called a friend of God. God liked Abraham so much that the Father, Son, and Holy Spirit appeared to him and had supper with him physically!

When we pioneered miracle money years ago, there was fierce opposition. People felt as though God's benevolence could not shift finances in such a fashion like the provision of miracle money. However, with time, people began to realize this is a dimension of God that cannot be denied. The more you walk with God, the more you realize there are dimensions you haven't tapped into. The more you go deeper into the things of God, the more you realize that His riches are unsearchable and how exciting that is!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

I am going deeper into the things of God, and my life is being transformed from glory to glory in the mighty name of Jesus! Hallelujah!

MAVHESI EKUVERENGA: Jobho 11:7

**Mapisarema 31:19**

Haiwa zvakanaka zvenyu zvamakachengetera vanokutyai, zvakakura sei zvamakaitira vanovimba nemi pamberi pavanakomana vavanhu!

Apo mudzimai wangu Muporofitakadzi BeBe Angel, uyo anova tsvarakadenga chaiyo akanyora bhuku rinonzi Grace Driven Life, chakaita chitiko chikuru, nekuti bhuku iri rakanyatsodedemura nekutsanangura pamusoro penyasha dzaMwari dzatinoparidza pamusoro padzo. Kana tichitaura pamusoro penyasha dzaMwari tinenge tisingape vanhu rezenesi rekuti vatadze kwete. VaRoma 2:4 inoti, “Unozvidza kani pfuma yehunoro hwake, nemwoyo wake munyoro, nemwoyo wake murefu, usingazive here kuti hunyoro hwaMwari hunokuisa pakutendeuka?” Kunaka

kwakadai kunoshamisa, uye kunokupedza simba. Zinogona kuita kuti upesane nekuda kwaMwari pamusoro pehupenyu hwako. Nyasha dzinounza zvakanaka zvakanaka muhupenyu hwako zvisineyi nehutera hwako kana kutadza kwako, Mwari vanoenderera mberi vachitutura maropafadzo muhupenyu hwako.

Nyasha chipo chaunopihwa naMwari pachena. Unopihwa nyasha idzi usati wasangana nedambudziko. Nyasha unodziphwa kana uchinzwa kunge urikure nechigaro chaMwari chenyasha. Haudziwane nekuda kwesimba rako kwete asi kuti inzira yaMwari yekukuratidza rudo rwavo rwakanyanya kwauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndawana nyasha dza Mwari dzakananda muhupenyu hwanhu. Ndinopemberera nguva dzose, uye ndakagadzirira kuendesha shoko kunzvimbo dzakafiyana aiyana. Nemweya wavo Mwari adurura rudo rwake pandiri rwukafachukira. Ndiri mukorodzi wenyasha!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 16:11

**Genesisi 13:15**

**Nokuti nyika yose yaurikuona ndichai-
pa iwe navana vako nokusingaperi.**

Maonero aunoita zvinhu anogona kuti utadze kuenda kure. Mwari pavakange vavekuropafadza Abrahama baba vekutenda, vakamuudza kuti kana akakwanisa kuverenga nyenyedzi dzakanga dzirimudenga anenge averenga dzinza rake rese! Hazvigoneke kuverenga nyenyedzi dzese, nekuti zvakafanana nekuverenga mavhu pamahombekombe egungwa. Mwari vada kuti Arahama aone kudarika zvaiona nemeso ake. Abrahama aitarisa makore ake ekuberekwa, otarisa kuchembera kwakange kwaita muviri wakr newemudzimai wake Sara obva afunga kuti zvakange zvisisaite kuti vabereke mwana. Chokwadi che-

mamiriro ezvinhu panguva iyoyo chairatidza kuti hazvaimbofa zvakaita kuti Abrahama ave baba vemarudzi akawanda.

Mwari vaiita kuti Abrahama aone zvinhu nemumwe muono wekuitika kwezvinhu zvinokatyamadza pfungwa dzevanhu. Kubvira kare nekare, Mwari havanyepe, saka chese chavanotaura ichokwadi. Kana akati varombo ngavataure kuti vakapfuma, vanenge vachiona wakapfuma, zvisineyi nemamiriro anenge akaita mari yaunenge uinayo. Kana uchikwanisa kuchiona unokwanisa kuchiwana!

Wave nenguva yakareba uchifunga kuti unehutera, urikutatarika uye kuti uriombe. Mwari varikuti muka kubva kuhope dzako, tarisa kure usacona mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako. Wakaberekwa urimukundi, ndizvo zvauri munaKristu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuona ropafadzo rangu richiuya nezita raJesu. Ndirikuona zvembari, zvirikure zvinodarika mamiriro ezvinhu muhupenyu hwangu. Ndine zvese! Ndinotsigira hushe hwedenga nemari, uye ndinodaidda mari ichiuya, iine basa rairikuuya kuzoit!

MAVHESI EKUVERENGA: Genesisi 13:17

**Johani 4:34**

Jesu akati kwavari; Zvakudya zvangu ndizvo kuti ndiite kuda kwowakandituma nokupedza basa rake.

Vadzidzi vaJesu vakakatyamara zviku-ru paakavaudza kuti aida zvekudya zvakange vasinga zive nezvazvo. Vhesi redu ranhasi rinonyatsotsanangura nyaya iyi, kuti Ishe Jesu vaikoshesa shoko raMwari nekuita basa raMwari vachiti ndiko kwaiva kudya kwavo. Apa varikutiudza kuti unogona kudya shoko raMwari, nzara yotoenda. Shoko raMwari rinopa simba kumweya, richi-usimudzira. Muporofita Ezekieri anoti: "Akati kwandiri, Mwanakomana wemunhu dyisa dumbu rako ugutse ura hwako norugwaro rwakapetwa urwu, rwandinokupa ipapo ndikaridya rukavamumukanwa mangu sohuchi nokuz-

ipa." Muprofiti Ezekieri 3:3 .

Paunotanga kudya shoko raMwari unoona mweya wako uchisimudzirwa uye uchishanda zvakanaka. Unoona zvakare paripotyo pfungwa dzako dzavekupinza, uye tarisiro yako yavekuzadzikiswa. Shoko raMwari rakasiyana nemamwe mabhuku engano, sezvinofunga vamwe vanhu. Kwete! Zvese zvinodikanwa kuti ukure pamweya zvirimo mushoko raMwari. Ukatadzawo kuverenga shoko raMwari mweya wako unoitanda ndonda nekuti unenge uine nzara. Unofanirwa kuti uwane manna itsva mazuva ese kuburikidza nekuverenga kwako shoko raMwari, Ridye mazuva ese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinodya chingwa chekudenga. Zvekudya zvangu ndinozviwana mushoko raMwari; saka hazviite kuti ndive ndonda. Pfungwa dzangu dzakapinza, ndiri kufara uye mweya wangu urikuwana zvekudya zvakanaka. Maita henyu Jesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 119:103

**VAFiripi 2:10**

Nokuti muzita raJesu mabvi ose apfugame ezviri mudenga panyika nezviri pasi penyika.

Munogara muchindiona ndichiti ndikadaidzira zita raJesu minana inobva yaitika. Ndinogara ndichibvunza kereke kuti ipemberere kuzita raJesu. Uku hakusikungofara chete nekupembererwa kunenge kuchiitwa asi kunzwisa kuti kuburikidza nezita iri vakaremara vanenge vaporeswa, vavekugona kufamba. Hongu kuburikidza nezita iri mapofu anoona, mbeveve dzinonzwa ngomwa dzinoita vana, gomarara rinoporeswa uye vakabhuroka vano va varidzi vemamiriyoni akawanda emadhora. Minana nezvishamiso zvinoitika kana ukadaidza zita raJesu rine simba raro guru.

Kune vanoshora nekutarisra zita raJesu pasi, asi ini neveimba yangu nekereke yedu ye Spirit Embassy, tinoona zita iri richishanda minana kakawanda! Zita raJesu isimba. Hurwere, matenda hurombo zvinokotama zita iri. Taura zita raJesu kubhanga rako, rinodaira zita iri. Mari irikuuya izvevzi kwauri nezita raJesu! Aya haasi mashoko asina mature andirikutaura kwauri. Tambira kuporeswa kwako nezita raJesu! Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti ndiri waani. Ndiri waKristu nezita raJesu uye ndinehunhu hwake nezita raJesu. Ndirimukundi ndinodarika miganhu. Handikundikane nekuti ndinoziva zita raJesu uye dambudziko rese muhwenyu hwangu richakotama! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 14:11

**2 Timoti 2:4**

Hakuna munhu anorwa papfumo anozvipinganidza namabasa ohu-penyu huno kufi agone kufadza uyo wakakokera kuhondo.

MuKristu anofanirwa kuvanehunhu hwenhengo yemauto. Kuva nhengo yemauto zvinoreva kuti unogona kudaidzirwa kuto uuye kubasa chero ipi nguva. Nhengo yemauto inogara yakagadzirira kuenda kubasa chero ipi nguva. Hapana nguva yekuzorora kana kurara. Bhaibheri rinotiudza kuti tirinhengo dzeuto raShe. Hatina nguva yekutambisa tichiongorora hupenyu hwevamwe vanhu. Tinofanira kuva nehunhu wevarwi, mauto anenge akashonga shoko raMwari rekurwa naro kuhondo.

Kana muKristu ave pabasa haana nguva yekuteverana nezvinhu zvisina maturo. Kana akaona kuti aripakati pevavengi anokoshesa nhumbi dzake dzokurwa dzinova kunyengetera kuziva shoko raMwari nekueda kunosangana nevamwe vana vaMwari kukereke, uye anokoshesa kuitwa kwebasa raMwari. Uri nhengo yeuto raMwari. Hauna nguva yekutambisa. Enderera mberi nekuzvisimbisa kuti ukunde.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri murwi; ndakashonga shoko raMwari iro rinomedza miseve yese yemuvengi Handikundikane senhengo yeuto raKristu. Handidzoke kumashure ndinoenda mberi. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 6:13

**Muparidzi 12:13**

Zvino shoko guru pazvose ratanzwa heri, itya Mwari uchengete mirairo yake; nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose.

Hakuna mudzidzi wezvebhaibheri anot-sanangura pamusoro pezvehuchenjeri asingataure nezvaSoromoni. Pamazuva ekutonga kwake Soromoni akange aine huchenjeri, akapfuma zvakare aine umhare. Mbiri yake yakatekeshera zvekuti mamwe madzimambo ekunyika dzekure aitomutsvaga. Soromoni aidiwa zvakare nemadzimai zvekuti akange ainana nyachide mazana matatu nemadzimai mazana manomwe (1 Madzimambo 11:3). Imba yake yehushe yakange yakanakisa zvekuti iyo nevashandi vayo vachirikutaurwa nezvavo nanhasi uno. Kunyatsotaura

chokwadi, Soromoni akange aine zvese, ndiri kureva kuti akange aine hupenyu hunoyemurwa nevanhu vakawanda. Asi cherechedza kuti kunyangwe Soromoni akange aine zvese zvingadiwe nemunhu pan-yika, akaita shungu dzekunyora pasi zvaifunga kuti zvakange zvaka-kosha kuva nazvo muhupenyu.

Zvaakasangana nazvo muhupenyu ndizvo zvinoita kuti Soromoni ange aine ruzivo rwekutsanangura zvakakosha muhupenyu. Dai arimupenyu nhasi gwaro re Forbes iro rinonyora pamusoro pevanhu vakapfuma, ringadai richimuti ndiye anotungamira vapfumi vese pasi rese, gore rega rega. Paanopedzisa kutaura pamusoro pezvakanakosha muhupenyu Soromoni anotaura zviru muvhese redu ranhasi, zvinova ndizvo zvandi-nokukurudzira kuti uzvikoshesewo, ugoona hupenyu hwako huchisimukira. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Chikonzero chekurarama kwangu chatsanangurwa uye zvandichaitira Mwari zvizhagara nekusingapere. Zvimwe zvese zvisinei nekushandira Mwari hazvina maturo. Ndagadzirira zvino kuita zvandakasikirwa naMwari kuti ndiite, kunova kushandira Mwari nezvese zvandiinazvo. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Samuweri 12:24

**VAFiripi 2:10**

Nokuti muzita raJesu mabvi ose apfugame ezviri mudenga panyika nezviri pasi penyika.

Ndichirikunyatsoyeuka mazuva kereke yedu ichangotanga. Kunyangwe takanga tiri vashoma ndaiparidza nesimba rangu rese uye nemwoyo wangu wese sezvandichirikungoita nanhasi! Pamazuva iwayo ndinoyeuka zvakare ndichipakurira kereke shoko rakange rabva kuna baba vangu vepa mweya Chris Oyakhilome ravakange vashumira rava nemusoro waiti Partakers of His Divine Nature. Svondo yakat-evera yacho kune mumwe mushumiri akauya achisunga ngorobhasikoro yaiva nemumwe mudzimai wechikuru, kuti ashumire nesu. Mudzimai uyu akange aine makore makumi masere

nemaviri ekuberekwa uye airwara achida kuporeswa. Ukukwakange kurikuyedzwa kwakange kusati kwamboitika mukereke yedu.

Izvi zvisati zvaitika ndakange ndaratidzwa muchione miseve ichibhururuka kubva mandiri panguvayandainamatira vanhu muchiono ichi. Saka pandainamatira mudzimai uyu ndaitarisira kuona miseve ichibuda kubva mandiri, asi hapana chakaitika. Nyenyasha dzavo ISHE Jesu vakandirafidza kuti kwete miseve yakange isingabude kubva madhiri asikubva mavari! Saka ndakabva ndatevedzera zvandakange ndaratidzwa izvi mudzimai uyu akabva akwakuka kubva mubhasikoro ngoro ndokutanga kufamba famba aporeswa. Shoko raMwari rinokushandira kana ukarikoshesa worishandisa muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi ndega, Ndinezita riri pamusoro pemazita ese, zita rinokonzeresa kuti madhimoni adedere. Nezita iroro ndinoparadza mweya yese yerima. Ndichashandisa zita iri kuti ndibatsire naro hushe hwaMwari. Ndiri mukundi nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 2:9

**Mateo 20:28**

Zvakaita semwanakomana womunhu asina kuuya kuzoshumirwa, asi kushumira nokupa hupenyu hwake ruve rudzikinuro rwavazhinji.

Kristu mucherechedzo chaiwo wehunhu hunodiwa pakushandira Mwari, imbopafunga kuti mambo wemadzimambo ese, kubvira kare, uye anovaakabata nguva mumaoko ake, pane imwe nguva akatombofunga kupinda munguva, kuitira kuti azviyananise nemunhu amudzose kwaari. Jesu haana kukoshesa chinzvimbo chake; asi akakoshesa kudzosera vanhu kuna Mwari, akabvuma kuzviita muranda.

Kana uchirarama hupenyu hwekushumira, unoratidza hunhu hwaJesu.

Muna Kristu takadaidzirwa kuti tishumire. Ndosaka achiti kana uchida kuva nenzvimbo yakakura muhushwa hwaMwari unofanirwa kudzidzira kushumira kune vamwe. Unofanira kukoshesa kuzvidurura wako wese kubvira nhasi. Mutungamiri wechokwadi, anoita mucherechedzo wekuti vatevedzeri vake vautevere, uye ndizvo zvatakanzi tinofanirwawo kuti tizvitevedzere. Vhesi iredu ranhasi rakasimba nekuti rinoratidza kuti Jesu Kristu musiki wedenga nenyika, akauya kuzogara nezvisikwa kuitira kuti ashumire kuzvisikwa zvaakagadzira iye. Ndinoona kuzikuzvinipisa kwakakura. Kana tikanzwisisa zvakaitewa naJesu paakazviita muranda tininge tavekuzwisisa zvatinenge tichiita muhushumiri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzirwa kuti ndishumire uye ndagadzirira kushumira uku. Kristu ndiwo mufananidzo wehushumiri wandinotevera uye hapana chichanditadzisa kuita basa raMwari. Ndakapihwa simba rekushandira Mwari kuburikidza nemuono wandakapihwa hwekuburitsa vanhu vese kubva mugehena ndichizadza denga. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 2:7

**VaHebheru 4:15**

Nokuti hatina muPrista mukuru asin-gagoni kutinzwira tsitsi pahutera hwe-du, asi wakaedzwa pazvinhu zvese sesu asinazvivi.

Mamwe maKristu anofunga kuti Jesu arukure zvikuru kubva kwavari. Usambofa wakafunga kuti Mwari haazive zvinokutambudza. Rangarira kuti Mwari pahutatu hwake agree mauri Kana muApostora Pawuro kana vachiti, “uri muri waKristu” (1 VaKorinde 12:27), zvinoreva kuti paunofamba Mwari varikufamba, paunogara Mwari vanogara, uye paunenge uchitema chirevo ndiMwari vanenge vachitema zvirevo. Iwe wakamirira Mwari panerinopasi, uye kumirira kwacho hakusi kwekungotaura chete ndekwechokwadi.

Dambudziko nderekuti maKristu akawanda haazive kuti vatakuri vaMwari. Kana wakazvarwa patsva, mweya waMwari unogara mauri. Bhaibheri rinoti, “Mwari mweya, uye pane mweya waMwari panekusunungurwa” (2 VaKorinde 3:17). Chokwadi pamusoro pezvauri nhasi ndechekuti Jesu anogara mauri uye anorwadziwa nezvinokutambudza. Hurwere huri mauri uhwo, kufunganya kwaunoita hazvifadze Jesu. Anoda kukuporesa! Jesu haafare kana uchigara muhuro, sekutaurwa kwazvinoitwa nevamwe. Kwete hakusi kuita kwaJesu kwakadaro. Akamirira kupindira mune zvese zvinokunetsa kana ukamubvumira. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nyundo yaJehovha yekurwa nayo. Ndichaona simba raMwari richishanda mandiri nenzira yepamusoro. Ndinozivakuti mweya waMwari arimandiri achiita basa.Saka ndinehushingi hwekuziva kuti ndinokwanisa kuita zvese nekuti hapana chinoramba kunaMwari. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Isaya 53:4

**Muporofita Isaya 43:19**

Tarira ndichaita chinhu chitsva chobuda zvino. Hamungachiziva here? Ndi-chaita nzira murenje nenzizi musango.

Zvinoshamisa kuti maKristu akawanda anoramba akabatirira muhupenyu hwanezuro. Vamwe vachirikurwisana nezvakaitika kwavari makore matatu mana, kana makumi mashanu adarika. Kana wave muKristu, hupenyu hwako hunenge hwavigwa munaKristu. Munhu wako wakare anenge abviswa kwaiswa mweya mutsva mukati mako. Bhaibheri rinoti zvakare zvinopfuura zvinhu zvose zvova zvitsva (2 VaKorinde 5:17). Chinhu chimwe chete chawakarwisana nacho makore akawanda akadarika ndicho chinoenderera mberi chichikutsitsirira pasi. Urichisikwa chitsva, chakaberekwa patsva muhushe

hwemwanakomana waMwari anodiswisa Jesu. Hareruyah!


Mwari varikuda kutaura newe, iwe mbune, zvinonzwika, zvinechikonzero uye zvinerudo pamusoro pehwaro hwehupenyu hwako, mari yako nemhuri yako. Mwari vakagadzirira kukupa hupenyu hwedenga pane rino pasi. Asi zvakaitika kare zvinoramba zvichikukwevera pasi. Panguva ino muhupenyu hwako, usabvumire zvakaitika kare kuti zvikanganise mafungiro ako. Vhesi redu ranhasi riri kunyatsotaura kuti Mwari varikuira chinhu chitsva muhupenyu hwako, uye kuti uchapenya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva. Hupenyu hwaMwari hurimutsinga dzangu handingakanganiswe nezvakaitika kare. Ndakashinga uye ndakasimba. Handisi muranda wekutya nekuti Mwari Havana kundipa mweya wekutya asi wesimba nepfungwa dzakanaka. Ndinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasiNdinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi.Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17



HEALING INSTITUTE

with

Prophet Uebert Angel

Networking the world with God's healing power...

BECOME A PARTNER NOW, VISIT
WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG

**Ekisodho 13:21**

Jehovha akavatungamirira masikati neshongwe yegore rokuvaparekedza panzira, usiku neshongwe yemoto yokuvavhenekera kuti vafambe masikati nousiku.

Bhaibheri rinoti vana valsraeri pavakange vachibuda munyika yeljipiti Mwari aivatungamirira neshongwe yemoto husiko uye neshongwe yegore masikati. Mwari akavagadzirira mamiriro ekunze aivachengetedza kubva mukutonhorwa kanakupisa kwegwenga. Gwenga inzvimbo inemamiriro ekunze anehukasha, nekuti husiku kunotonhora zvikuru uye masikati kunopisa zvausati wamboona.

Saka nekuti Mwari vaiziva mamiriro ekunze mugwenga, vakagadzirira vana valsraeri mamiriro ekunze aizoita

kuti rwendo rwavo rwuve nyore. Zvaitika kuvana valsraeri zvakange zvakasiyana nezvaitika kunevamwewo zvavo vanhu. Mwari wedu ndiMwari wezvishamiso uye anogona kungopidigura hipenyu hwako nenzira isinganzwiswe nemunhu. Paurikuverenga shoko raMwari, ivo varikukugadzirira mamiriro ekunze sina kujairika, ehupenyu hwedenga pane rino pasi, ekuti iwe nemhuri yako murarama muri.

Ichi chishamiso vakoma vangu nehandzvadzi dzangu! Bhaibheri rinoti tiri vamirir vaKristu, zvichireva kuri zvuriri zvedu zvinobva kudenga. Panochema vamwe isu haticheme nekuti kwatinobva hakuna hurombo, kana zvinopikisana nesu. Wakaberekwa naMwari, uye nharaunda yako yakagadzirwa naMwari. Ndeyehupenyu hwedenga pane rino pasi. Unorarama hupenyu hwezvishamiso neminana iwe, nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zveuriri zvangu zvinobva kudenga uye handimbofandakashaya chinhu chakanaka hupenyu hwangu hwese. Ndinorarama hupenyu hwezvakawanda nekuti zvangu zvinobva kudenga nezita raJesu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA: Jobho 22:29

**2 VaKorinde 4:9**

Tinotambudzwa asi hatina kusiyiwa, takawisirwa pasi asi hatina kuparadzwa;;

Kana ukatarisisa mhete yegoridhe kana kuti yengoda unoono runako rwunenge rwuri pairo nehunyanzvi hwakashandiswa pairo, asi mhete iyi inenge iine zvainenge yakasanga nazvo isati yakwenenzverwa sezvo dombo rinoigadzira rinenge rakambopwanywa pwanywa nekupiswa. MuApostora Pawuro vanoti kunyangwe tikasangana nekutambudzwa kwakawanda muhupenyu hwedu zvakakosha ndezvekuti hatiparadzwe kana kupera! Kana nyika yavekuti dzvanya inofanirwa kuziva kuti tiri ana ani.

Takaberekwa nemweya uye tinodya shoko raMwari! Shoko raMwari ndiro rakatigadzira. Sakatinofema shoko raMwari nekurarama naro! Saka kana tadzvanywa chinobuda matiri "muto weshoko" nekuti takagadzirwa neshoko raMwari. Saka hapana chinokuzungunutsa iwe kana mhuri yako nekuti unemidzi mushoko raMwari. Wakamira pana Kristu, dombo risingazungunutswe, hapana mafashamu kana kushungurudzwa kunokuzunza nezita raJesu!

Ndinoramba kuenda kudenga ndonomira nevamwe vakuru vekutenda semumwe wavo ndisina vanga pandiri. Tinogona kurwiswa, kupihwa mhosva, kumanikidzwa nezvimwewo zvakadaro asi zvese zvinounza mbiri kuna Mwari. Kereke yedu humboo hunoratidza kuti Mwari anogona kubudisa dombo rakakosha kubva mumoto unobvira neruvengo nekurwiswa. Kana uine shoko raMwari mauri hapana chinogona kukuparadza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirwa neshoko raMwari, handizungunutswe nekushungurudzwa, kurwadziwa kana kusvibirwa zita rangu, nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 5:10-12

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munhu ari muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai zvose zvava zvitsva.

Kuberekwa patsva hazvireve kun-goshanduka kwehupenyu uchibva pane mamwe mararamiro uchiyenda pane mamwe. Zvinoreva kupidiguka kwaka perera kwemararamiro akare. Bhaibheri rinoti kana munhu ave muna Kristu ave chisikwa chitsva. Vara reku-ti chitsva rinonzi "Kainos" nechiGiriki uye rinotsanangura chisikwa chakam-benge chisipo kare. Sakai we hauna kushanduka chete asi kuti wakatotsivi-wa nechinhu chitsva.

Hupenyu hwako hakisikuvandudz-wa kwechinhu chakare kwete asi uri chinhu chitsva. Wakaipa anogona

kukuyedza kukuyeuchidza pamusoro pekukundikana kwako kwakare nezvimwewo zvakaipa zvaitika muhupenyu hwako, muzivise kuti hausitomboriwe wakakonewa kare. Kukundikana kwakange kuri pamunhu wako wekare kwete mutsva. Tema chirep chekuti haukundikane uye kuti zvinhu zvako zvese zvauri kuita zvirikukurumidza kufamba.

Nangana nezvinangwa zvitsva uineruzivo rwekuti ari mauri muku-rukudarika aripanyika. Ropa riri mauri harisi rekumhuri yako yepanya-ma asi nderekudenga. Paurikuverenga chiporofita ichingazvodyarwe mumweya wako nemumuviri wako kuti wakazvarwa naMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazvarwa naMwari, ndirimbeu yedenga uye ndinokunda nekutora hutongi hwematunhu matsva. Ndinotonga yangu nemunzvimbo dzese dzehupenyu hwangu nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 3:2



Johani 15:19

Kana maiva venyika, nyika yaida vayo; zvino zvamusati muri venyika, asi ini ndikakusanangurai panyika saka nyika inokuvengai.

Mazuva ano kune mvonga mvonga pasi rese, hakuna kugadzikana sezvo hupfumi hwenyika dzakawanda huri kukoromoka, misika ichidonha uye zvichinyatsoratidza kuti matambudziko ezvehupfumi hwenyika achahwanda munyika dzakawanda. Tinoshamisika kuti kune vana vaMwari varikunetseka pamusoro pemamiro ezvinhu aya, vachishaya kuti vachabuda nepapi padutu rakadai iri. Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, rega ndikuyeuchidze iwe kuti usatsvage buri rekubuda naro ramba chete kupinda mune zviri kuitika!

Unogona kubvunza kuti, “nhai munhu waMwari ko ini ndinosara sei pazvinhu zvakadai iro bhizimusi rangu, kana kuti basa rangu zvirimunyika yenyama?” Teerera unzwe, vhesi redu ranhasi ririkuti tirimunyika ino asi hatisi venyika ino! Hatigare munzvimbo inemvonga mvonga, kushaya nekusamira zvakanaka kwezvehupfumi.

Zvedu tinozviwana kubva kuhupfumi hwekuZiyoni. Tinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Kana nyika ichiti zvinhu zvirikudonha, isu tinege tichiti tinekusimudzirwa kwatinenge tichiitwa. Pauri kuverenga gwaro rechiporofita iri tarisira kuitika kwezvaunenge usingafungire! Mari yako kusimudzirwa nekuwedzerwa kwako, zvirikuuya kwauri kubva kunzvimbo dzausinga fungire. Kubvira nhasi zvichienda kumberi pese paunonzwa venyika vachitaura pamusoro pekusamira zvakanaka kwezvehupfumi, iwe vaudze kuti haupinde mazviri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa nedenga uye zveuriri zvangu zvinobva kudenega. Handishaye zvakanaka. Hupenyu hwangu hunopupura uye chese chandinobata chinobudirira nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 12:2

**Revhitiko 25:49**

Kana babamunini vake, kana mwanakomana wababamunini vake, ungamudzikinura kana naani wehama dzake dzomumba make angamudzikinura kana iye akazova mupfumi ungamudzikinura amene.

Kana tichiti Jesu Kristu akatidzikinura kubva kuhutukwa hwese, zvinoita sekunge zvakanyorwa muvhesi redu ranhasi zvisingaitike. Muvhesi redu ranhasi zvinoita kunge zvisingaite kuti mumwe munhuwo zvake anenge asiri hama yako akwamnise kukudzikinura. Muzvidzidzo zvebhaibheri tinoti uku kupikisana nekuti Jesu anotidzikinura sei kubva kuhutukwa tisina hukama naye?

Chinyatsoteerera zvandiri kureva apa.

Muchikamu cheruzivo rwe science pane zvidzidzo zvinoitwa zviri mae-rerano nedzinja remunhu apo panoongororwa kwaanobva. Ramba uineni apa; mubvunzo wauinawo ndewekuti Jesu Kristu akati dzikinura sei kubva pazvitadzo zvedu iye asiri hama yedu? Bhuku rava Efesu rinetsananguro yacho nekuti pachikamu 4:6 rinoti Jesu ndiye baba vedu uye mubhuku rava Garatiya, rinotsanangura Jesu sa "amai vedu".

Magwaro anotiratidza kuti Jesu agere kumatenga, zvichireva kuti arikumusoro tisingakanganwe kuti ndiye hwaro hwehupenyu hwedu, zvichirevawo kuti aripasi! Mubhuku reZvirevo tinoona Jesu achinzi ihandzvadzisikana", uye remuna vaHebheru rinomuti ihandzvadzikomana". Mubhuku raRevhitiko, anonzi ndi babamunini wedu" agovawo mwanakomana wababamunini". Saka Jesu Kristu arikwese muzvese! Saka nyatsofamba wakasimudza mapendekete ako uchiziva kuti hausi muenzi pagomo reZiyoni, Jesu ihama yako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri hama yaJesu Kristu zvisina kana mubvunzo. Saka hapana chinomisa chero chandinenge ndada kuita nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvakazarurwa 1:17



2 VaKorinde 3:18

Zvino isu tese tinoti tichitarira nechiso chisina kufukidzirwa kubwinya kwashwe sepachioni oni, tinoshandurwa tichifanana nomufananidzo iwoyo, tichibva pakubwinya kumwe tichienda kune kumwe kubwinya sezvinobva kumweya waShe.

Sevanhu vabve zera nguva yatinotora tichizvitarisa pachi oni oni inogona kuva mawa akawanda pagore. Vanhu vanotarisa pachioni oni vachida kuona kuti vanenge vachitaridzika sei. Vamwe vanotozo nonoka kubasa, kusiyiwa nendege kana kunonoka kuchikoro nekuti vanenge vapedzera nguva pachioni oni vachigadzira kuti vaoneke zvakanaka. Asi kutarisa pachioni oni cheap nyama kunokubatsira chete kuti ugadzirise mamiriro echiso chako.

Bhaibheri rinotaura pamusoro peshoko raMwari richitsanangura bhaibheri sechioni oni. Ukagara uchiverenga shoko unobva wawedzera kufanana kwako naMwari! Bhaibheri iro rinova chioni oni chako rinoti wakaropafadzwa nemaropafadzo ese epamweya (VaEfeso 1:3), rinoti zvakare Kristu akava murombo kuti iwe upfume (2 VaKorinde 8:9). Saka ukaenderera mberi uchiverenga vhesi iri unobva wava sezviri kurehwa naishe marii.

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, ndinokukurudzira kuti ugare uchifunga pamusoro peshoko raMwari siku nesikati. Unoona wave kubudirira. Verenga shoko raMwari unodzoka uchipupura, pamusoro pehutano hwako, bhizimusi rako, dzidzo yako kana muwanano yako nezita raJesu! Zvipire kubvira nhasi kutora nguva yako uchiverenga shoko raMwari nekunyengetera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuzoverenga shoko raMwari chete, uye zvichaita kuti ndipupure. Hupenyu hwangu ndehwedenga pane rino pasi, uye kubwinya kwaMwari kurikuoneka mazuva ese ehupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA: Jakobo 1:23



Ruka 18:1

Zvino akavaudza mufananidzo wokuti vanofanira kunyengetera nguva dzose vasingarashi mwoyo;

Bhaibheri rinoti Mwari haatsumwaire haakotsire. Ukukugona kwaMwari kutadza kukotsira kana kutsumwaira. Zvimoreva kuti Mwari haana zvinonzi zvakaitika nezuro, kana kuti zvichaitika mangwana nekuti haakotsire. Anogara akasvinura nguva dzese uye achishanda, anogara munzvimbo yekusingaperi inova izvezvi! Anogara achiziva zvese zvinenge zvichiitika kudarika pepanhau remangwana, uye anoziva zvese zviri maererano nehupenyu hwaako, kusvikira pachinhano chekuziva hwanu hwebvudzi rir mumusoro mako!

Vhesi redu ranhasi rinotiratidza kuti tinokwanisa kutapa muhunyanzvi hwaMwari forega kurasa mwoyo, forega kurara kana kuneta. Vakati nyengetera usarase mwoyo, zvinoreva kuti pese paunomira kunamata unenge wave kurasa mwoyo. Kubudirira kwako kunokanganiswa nekutadza kwako kuenderera mberi uchinyengetera. Dzora simba rako nhasi wotanga kunyengetera zvausati wamboita. Unogona kutaura naMwari kwemaminitsi mashoma asi munamato wako hauwire pasi.

Bvumira mweya wako kuti ugare uripamweya kuburikidza nekugara kwako uchinyengetera. Mweya wako unoshandurwa, uye minamato yako inokunda matambudziko ese. Hakusisina kurasa mwoyo kurara kana kutsikirirwa. Chiyero chako chekunamata ndicho chinokonzera kukunda kwako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Chiyero change chekunamata ndicho chinondipa kukunda. Ndatora chinzvimbo change chekunyengetera, uye ndicharama hupenyu hwekukunda uye ndiine zvese nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaTesaronika 5:16

**Mabasa AvaPostori 17:28**

Nokuti maari tinehupenyu, tinofamba tiripo sezvavakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti Nokuti tiri rudzi rwake.

Ukaona bhaibheri sebhuku renhoroondo unogona chokwadi kuona riinr hondo nezvimwe zvaiitika kare zvirimo mariri zvichitsigira mufungo waunenge uyinawo. Kune avo vanoritora sebhuku rine ngano dzerudo, unosangananezvitsauko zverudo mariri. Asi pane chimwe chinhu chirimubhaibheri chinoita kuti risangova bhukuwo zvaro renhoroondo Bhaibheri rinoti maari tinorarama tinofamba nekuva nehupenyu hwedu" Ongorora kuti rirkuti maari kwete naye, zvichireva kuti unogara muna Kristu.

Ichii chizaruro chakakurisa kuziva Kristu senzvimbo yaunogara. Kana urimukati mebhurudhoza hauna chinogona kukumisa unengeurimukati mesimba risingagone kumiswa! Kana uri muna Kristu unenge urimukati memesimba rakakurisa! Hakuna gomo risingapwanyike uye hapana pakadzikira pasinga zadziswe

Enda unokunda hapana chisingaite kwauri kana uri munaKristu. Bhizimusi iro kana bhizimusi rinoita kunge risingaite rinoitika nyore kana uei muna Jesu Kristu! Nhasi izuva rako itsva. Chiziva Kristu senzvimbo yaunogara, wopinda nepamadziro ese aimbokumisa pabudiriro yako! Simba racho riripo, uye nyasha dzake, dzakawandisisa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ndiye nzvimbo yandinogara. Muna Krsitu ndinorarama, ndogara nekuva nehupenyu hwangu. Hapana chinondimisa! Magonhi ehupfumi, hutano hwakanaka nebudiriro anovhurika ega nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17

**2 Petro 1:12**

Saka handingaregi kukuyeuchidzai zvinhu izvi nguva dzose kunyangwe muchiziva henyu uye makasimba pazvokwadi yamuinayo.

Mashoko anokurumidza kushanduka zvaanoreva nguva dzese zvekuti zvais-handa kare unoona zvisisa shande muneremangwana, Zvaishanda makore apfuura unoona zvisisa shande mazuva ano. Kune motokari dzaimboshamisira kare asi iye zvino hadzisisina maturo. Ndizvo zvimwe chete nezvinoitika munyika yeMweya. Inyika isina kumira panzvimbo imwe chete asi irikufamba.

Kana uchiuya kuna Mwari kana pazvinhu zvaMwari zvidurure uye usina chinhunwobvumira Mwari kuti vakuza-dze nemashoko anoshanda panguva

iyoyo. Vhesi redu ranhasi ririkutikomekedza kuti tisimbe pazvokwadi yatiinayo. Hona, kana kuine zvokwadi yanhasi, zvinoreva kuti kune yakare zvakare kune yemangwana. Zvimwe zvizaruro ndezvekare kare asi kereke ichirikuzvishandisa. Chizaruro cjakare chinoti Mwari ndiye anoita minana.

Parizvino tave kuziva kuti maari tinofamba, tinorarama, nekuva nehupenyu hwedu, zvichireva kuti ndisu tirikuita minana. Tirikushanda minana! Patirikushandisa shoko nekuita hukama naMwari kuburikidza neminamato tinowana chingwa chitsva kubva kudenga! Mwari vachatange kunza chokwadi chanhasi, shoko rinoshanda parizvino muhupenyu hwako hwoenderana nenguva!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara ndirimuchokwadi cheshoko ranhasi. Muna Kristu ndinorarama ndinofamba uye ndimo mune hupenyu hwangu. Hwaro hwehupenyu hwangu hunotongwa neshoko raMwari, rinova rechiporofita. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17

**Dhanieri 7:9**

Ndikaramba ndakatarira kusvikira zvirigaro zvoushe zvagadzwapo mumwe akakwegura pamazuva ake akagara-po, nguwo yake yakange yakachena sechando uye vhudzi mumusoro wake rakange rakaita semakushe akanatswa chigaro chake choushe chakanga chiri mirazvo yomoto, makumbo acho uri moto unopfuta.

Dambudziko rese rinouya muhupenyu hwako rinenge richiyedza kunipisa simba raMwari Mira. Hakuna dambudziko rakakura kudarika Mwari. Mwari vakararama nguva isati yavepo uye hakuna chinhu chitsva pasi pezuva, chingave chakaipa kana chakanaka pamberi paMwari. Zvisineyi nemamiriro akaita nyaya yako, Mwari vanoramba vari muhofisi yepamusoro.

Dhanieri akadaidza Mwari achivati “Musharujwa wajare..”, kana Mwari vachinzi Musharujwa wakare pamazuva akare, zvinreva kuti nemazuva anovaremekedzabsemunhu akwegura. Akararamanguva isati yavepo saka achirenekedzwa nemazuva. Paunenge uchivanamata rangarira kuti hausi kunamata chidhori chakavezwa nezuro asi iye akavepo nguva isati yambovapo. Anokuziva mukati nekunze, uye nyaya yako haisi itsva kwaari. Hurwere hurimumuviri mako uhwu, nyaya irikunetsa kubasa kwako iyo kana kuchikoro haina mature kana zvichienzaniswa nesimba raMwari!

Unonamata Mwari vakuru, uyo asina anomuvhotera kuti asiye basa kana kupinzwa basa. Uyo agere muhuvapo hwake ega. Chitarisa uone budiriro irikuitika munzvimbo dzese dzehupenyu hwako, nekuti ruoko rwaMwari rwuri pahupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vangu ndimusharukwa wakare pamazuva akare, Akararama dambudziko rangu risati rambovapo. Ndinonamata Mwari vakuru, anonzi iye. Zvese zvirikundishandira nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvakazarurwa 22:13

**Genesisi 32:24**

Asi Jakobho akasara ari oga, mumwe murume akaita mutsimba naye kusvika hutonga huchitsvuka.

Hwaro hwehupenyu hwaJakobho hwakajekeswa paakange ari ega. Tinoziva kuti Jakobho akange aine vana, vashandi, shamwari nemhuri, asi akasarudza kuti ange ari ega achifunga zvekuita. Kana Mwari vavekuda kukushandisa unoona wavekugara uri wega pane dzimwe nguva!

Nguva yese yekusangana nedenga inguva yaunenge wakapatsanurwa kubva kune veruzhinji. Chirevo chekuti hutsvene, chinoreva kuiswa kwako wega kana kuti kupatsanurwa. Zvave kuda kuitwa naMwari muhupenyu hwako zvichada kuti unge uri pako

wega, pasina vamwe vanhu vaunenge uinavo. Hauchaenda kunzvimbo dzawaisimbo shanyira! Paunenge wasiyiwa uri wega wakamirira kushandiswa naMwari, unoshandura mutauro wako uye mapfekero ako anoshandurwa.

Ukaona wadzingwa basa zvisina chikonzero, ukaona avo vawaiti ishamwari dzako vokutiza, zvisineyi nerudo rwaunenge uchivapa, ziva kuti unenge wanongedzwa nalshe kuti vakushandise. Bhaibheri rinoti muna Yakobo 1:2, "zvitorei semufaro bedzi kana muchiwira mumiyedzo mizhinji;". Unofanira kupemberera dzimwe nguva kumamwe matambudziko anongoerekana auya muhupenyu hwako; usafunganye, Mwari vachiri pachigaro chenyasha. Wave kuzosimudzirwa, uye ndiwe uchaseka kwekupedzisira nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzirwa hukuru, ndichashumira kunyika dzakawanda, hupenyu hwangu huchave nechiyedza uye ndichasimba kudarika zvandiri. Hakuna dambudziko rinondikunda nekuti kunyangwe ndikadonha kanomwe ndinosimuka zvakare nezita raJesu, Amen!

MAVHESI EKUVERENGA: Dhanieri 10:8

**Vatongi 6:12**

Ipapo mutumwa waJehovha akazviratidza kwaari akati kwaari, Jehovha anewe iwe murume ane simba noumhare.

Gidhiyoni akapindura nekukatyamara apo mutumwa waMwari akamudaidza muvhesi rinotevera achimuti murume “ane simba noumhare” Chokwadi ndechekuti vatendi vazhinji vanoti kana Mwari achiti ndakanaka, ko sei mari yangu ichipera, kana Mwari aripo ko seyi ndadzingwa basa, kana Mwari aine simba seyi ndisina mwana?

Mutumwa waMwari akasangana naGidhiyoni achipura akatsanangura chimiro chaGidhiyoni apo nyika yese yelsraeri yakange yasangana nedambudziko renzara, isina mutungamiri we-

hondo. Muhuchenjeri hwavo, Mwari vanokona nenzira yakasiyana nezvaunofunga kuti uri. Mazivirwo aunoitwa naMwari kuti uri ani dzimwe nguva anopesana nemamiriro anenge akaita zvinhu.

Funga pamusoro pematenga nezvese zviripanyika zvakasikwa naMwari zvinozivikanwa nevanhu nezvisingazivikanwe. Ukafunga zvakare pamusoro pekukura kwakaita nyika nekuzara kwayo chete zvinoita kuti unzwisise kuti Mwari hakuna anovanzwisisa simba ravo. Chero chipi chaurikusangana nacho panguva ino, chifemuruka zvako nekuti Mwari ivava vagadzirira kuzviratidza nekudadisa mudambudziko rako. Vakagadzirira kuti umbonzwa hupenyu hwedenga pane rino pasi, uye uchaimba rwiyo rwutsva nezita guru raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasimba. Ndakakwana, handina chandisina kana kurasikirwa nacho. Hupenyu hwangu huchagara huchipenya pamberi pevanhu, kuitira kuti mbiri ipihwe kuna baba vekudeng. Ndiri chishamiso nezita raJesu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 1:11



1 Samueri 10:11

Zvino vose vaimuziva kare vakati vachiona izvozvo kuti woporofita pamwe chete navo vanhuvakataurirana vakati chiyiko chawira mwanakomana waK-ish? Saurowava pakati pavaprofita here?

Sauro aizivikanwa neshamwari dzake, mhuri yake nehama dzake semunhuwo zvake. Sauro asati atanga kutaura chiporofita chake akange asina kumbozvirota kuti achaporofita muhupenyu hwake. Vazhinji vanogona kubvunza kuti chii chakaitika kuna Sauro uye kuti akadzidzira kupi kuporofita, kana kuti ndiyani akamupa zodzo racho? Ongorora kuti muvhesi iri zvirikunzi akange arimukati memaporofita, akange ari pakati pavo akaita hoche-koche nechiporofita.

Dzimwe nguva unaita mubatanidzwa nechiporofita, uye kuzvinyudza muzvizaruro zvamaporofita, zvakaita zvinoitwa mukereke ye Spirit Embassy, kereke yenhau dzinonakidza, uko kunoshandurwa munhu kubva mukati. Shoko raMwari rine simba rekushandura hupenyu hwako zvachose, worarama hupenyu hwedenga panyika; riverenge mazuva ose, uye ugare uchifunga pamusoro paro,

Unorida kuti ringe riri chikamu chehupenyu hwako. Kana ukaita hoche koche naMwari kuburikidza neshoko ravo unosangana neminana. Batanawo nevamwe vatendi monzvera shoko raMwari, apo rinenge richikura mukati mako unotanga kuona nyika zvakasiyana nezvawaimboita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara hupenyu hwangu ndiri mumubatanidzwa nevamwe unorongwa nedenga. Ndakaita hoche koche neshoko raMwari; mweya wangu wakaguta uye hupenyu hwangu hurikupenya nekubwinya kwaMwari, apo ndirikuenderera mberi ndakabayirirwa mushoko raMwari ripenyu, hupenyu hwangu hurikubva hwaita hwedenga pane rino pasi, nezita raJesu Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA: Mateo 13:54



1 VaTesaronika 5:11

Saka nyaradzanai musimbisane sezvamunoita.

Kazhinji kacho uyo anenge akunda anowanzo pembererwa neruzhinji, achitorwa mifananidzo, paine vema-pepanhau, chiri chiitiko chinofadza kuchipihwa mibayiro kune vanenge vakunda. Chitiko chakadai chinowan-zonakidza uye chichifadza asi uyo anenge atora mukombe anenge achi-rangarira pamusoro pemunhu mumwe chete anobva ndiye aimukurudzira kusvikira akunda.

Munhu anokurudzira uyu ndye ano-enderera mberi achikukurudzira kuti uite zvese zvaunogona kuti ubudirire. Munhu anokukurudzira uyu haana mukombe waanwana asi uyo anenge

awana mukombe anoziva kuti akaita kuti akunde ndiyani. MuApostora Pawuro ndemumwe wevaikurudzira uye muvhesi redu ranhasi tirikuvao-na vachikurudzira kereke yeku Tesaronika.

Munogona kuti handisimuparidzi muapostora kana kutimuporofita, asi urimuKristu! Ndiwe unotanga kuonekwa nevasiri maKristu mararamiro aunenge uchiita. Unogona kunge usina chinzvimbo chauinacho asi mashoko ako enyaradzo nekukurudzira anogona kusimbisa mumwe munhu. Kurarama hupenyu hwakadzika kunokurudzira kuti tiratidzane rudo, fikurudzirane kusimukira kuenda kumusoro.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirkubudirira muhupenyu. Handibvume kudzikisirwa uye handizikisire vamwe Ndichatungamira nekuvaka vamwe, Kwese kwandichaenda hupenyu hwangu huchadaidza nhau dzakanaka. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 4:29

**Mabasa AvaPostora 12:7**

Ipapo tarira mutumwa washe wakamirapo chiyedza chikapenya mumba, akarovaPetro parufivi ndokumumutsa achifi muka ukurumidze, ipapo maketani akawa pamawoko ake.

Ndinoudza vanhu vakawanda kuti wakaipa anoty chiyedza chinenge chiri mauri kwete zodzo! Ndinoziva kuti zvandirikutaura zvichatorera maKristu akawanda nguva kuti vanzwise zvandiri kureva. Simba raunaro rinobva muchiyedza chiri mauri, uye kana uine chiyedza chiyero chako chinenge chiri chepamusoro munyika yemweya. Ngirozi yakauya kuzosunungura Petro kubva mujeri yakauya nechiyedza, uye chiyedza ichi chaiva nesimba rekudambura makasho akange akasunga Petro, mujeri iri.

Nzwisisa kuti, kuti uburitse chiyedza mauri unofanirwa kunge uinachowo mauri. Kana mauri musina chiyedza unenge usina chekubuditsa. Mapisarema 119:130 “Kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa chiyedza; kunopa njere vasina mano”. Vhesi iri rinotiratidza kuti chiyedza tinochiwana kubva mushoko raMwari, hareruyah!

Saka kana shoko raMwari rikawanda mauri unobuditsawo chiyedza chakawanda. Sezvo chiyedza chichidzinga rima, chinokwaniswa wo kudambura makashu ehurombo, hurwere, kushaya mbereko nehusungwa. Zvinoshanda ndezvekuti uwedzere simba rako kuburikidza nekuwanza shoko raMwari mauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirichisikwa chinofamba, kurarama nekufema shoko raMwari ririmandiri. Ndirimugadziri wechiyedza, saka wakaipa haana chaainacho mandiri. Ndinofamba nechiyedza chirikuparadza simba remuvengi pamusoro pehupenyu hwangu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 2:9

**Ruka 5:4**

Wakati apedza kutaura akati kuna Simoni, pinda kwakadzika, mukande utava hwenyu kufi mubate.

Sekereke tave nemwedzi minomwe kubvira patakatanga chikamu chekurarama hupenyu hwakadzika. Chinomwe chinoreva kunatswa, kuzadzikiswa kana kuti kukwaniswa munyika yemweya. Chirongwa chekurarama hupenyu hwakadzika chinokurudzira kuti tidzike pakunamata, pakuverenga shoko, pakushandira Mwari nekuvanehukama hwakadzika navo.

Hupenyu hwakadzika hunokurudzira kuti tidzike neshoko raMwari, uye hupenyu uhwu hunoita kuti isu sevanhurume nevanhukadzi tinatswe tiite zvinodiwa naMwari kuti tive.

Huoenyu hwanokurudzira kuti fishandise bhaibheri semurairo wemararamiro atinofanira kuita, uye hupenyu hwakadzika hunoita kuti tive nezvibereko zvakawanda

Ukanzwisisa pamusoro pehupenyu hwakadzika unoona hupenyu hwa-ko hwepamweya huchisimukira nenzira inoshamisa. Tiri varauri vevanhu kwete vabati vevanhu, saka tichidzika nezvinhu zvaMwari kuitira kuti tikwanise kutendeutsa vanhu vakawanda, tisinga batire basa raMwari pamusoro.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakatopinda muchikamu chekurarama hupenyu hwakadzika muzvinhu zvaMwari, handisi kudzoka kumashure, handikwanise kudzokera kumashure kana ndichiita zvinhu zvaMwari Ndi-chaenderera mberi ndichiparidza kusvikira denga razara gehena rasara risina munhu!

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 21:6



Ekisodho 17:12

Asi maoko aMozisi akazoneta zvino vakatora ibwe vakariisa pasi pake akagara pamusoro paro Aroni naHuri vakatsigira maoko ake mumwe rutivi mumwe kunorumwe rutivi maoko ake akava nesimba kusvikira pakuvira kwezuya.

Pekutanga apo pairwisana vana valsraeri nemuvengi wavo, Mozisi akange akasimudza maoko ake ega, uye pazvakange zvakadaro, vana valsraeri vaikunda. Asi pakangodonha maoko aMozisi chete vakabva vatanga kukundwa.

Chiitiko ichi chakakosha kuti tichinzwisise nekuti panezvakkosha zvakaitika. Zvinoratidza kuti kusimukira kwakange kwakaita maoko aMozisi

si kwakange kuine hoche koche nekukunda kwaiita vana valsraeri muhondo, Kusimudzwa kwemaoko kuchiunza kukunda kunoratidz kuti tese tinofanirwa kuti tiwane chekuita muimba maMwari kuti kuitike minana inoshamisa.

Ndinogara ndichiudza vatendi kuti vasatarisire kunyengetera pasi nekuti pese panoitwa minyengetero vatumwa vanowana simba rekushanda naro kuitika kweminana. Munamato wako wakaita saMozisi akasimudza maoko ake zvichikonzera kuti vana valsraeri vakunde muhondo. Paurikunamata, vatumwa avo vaorwa vakakumiririra vanenge vachikunda madhimoni anenge achikurwisa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handinete kushumira, hupenyu hwangu ichava nyundo yekurwa nayo yaShe, Ndichabatsira vatumwa vanondirwira kuti vakunde kuburikidza nekuenderera mberi kwangu ndichinyengetera. Handinete nezita guru raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 6:18

Beverly Angel

C O R E 1 0 0
B e B e A n g e l

CORE 100 IS AN EXCLUSIVE MEMBERSHIP PROGRAM BY PROPHETESS BEBE ANGEL FOR LADIES FROM ALL WALKS OF LIFE WHO HAVE ONE THING IN COMMON – A DESIRE TO GROW IN THEIR KNOWLEDGE OF JESUS!

TO JOIN CORE 100 VISIT

WWW.BEVERLYANGEL.ORG



Mapisarema 91:1

Uyo agere panzvimbo yokuhwanda yowokumusoro soro Acharambira pamumvuri wowaMasimbaose.

Nyika dzakawanda dzakabudirra dzine nhamba dzekufona kana pachida kuwanikwa rubatsiro nekukurumidza. Manhamba aya anofonwa nemunhu anenge asangana netsaona kana njodzi. Panongofonwa nhamba idzi pane anoudza chikwata chevanunuri kuti kwaita njodzi kwakati chikwata ichi chobva chatumirwa kunzvimbo yacho nekukurumidza kuti chononura. Zvinocherechedzwa kazhinji kuti kana munhu akakanganisa akafona nhamba idzi pasina chinenge chaitika, chikwata chevanunuri chinongotumirwa kukero inenge yafona kunoona kuti hakuna arimunjodzi.

Zvimwe chetezvo naMwari. Vakatipa nhamba dzekufona patinosangana nematambudziko. Vhesi redu ranhasi nderimwe renhamba dzekufona. Uyewo rimwe riri muna Jeremiya 33:3 iro rinoti: "Dana kwandiri ndichakupindura ndokuratidza zvakananzika zvamange musingazive."

Paunongoerekana watambidzwa tsama inokudzinga paunogara usingazvifungire kana kuti paunoudzwa kuti unechirwere chinoisa hupenyu hwako panjodzi, kana kuti kana vanhu vavekunzi vamire basa kukambani yaunoshandira, ndiyo nguva yekuti unamate nendimi uchifona nhamba dzekudenga kuitira kuti ununurwe kubva kudambudziko rinenge rasvika. Mwari vedu vakavimbika vanobva vatumira chikwata chevatumwa kuzokununura iappo paunenge wafona Mapisarema 911 kana Jeremiya 333. Ukamira neshoko raMwari unoona rubatsiro rwuchiuya ipapo ipapo nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara ndakatariswa nedenga uye naMwari, Handisi ndega, vatumwa vakakomeredza pandinogara nguva dzese saka hapana chombo chandinorukirwa nemuvengi chinoshanda muhupenyu hwangu. Ndiri mukundi nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 32:7

**VaHebheru 6:20**

Pakapinda mutungamiriri nokuda kwedu, iye Jesu wakaitwa muPrista mukuru nokusinga peri, wegwara reimba yaMekizedheki.

Mavara anoti “Mel” aripazita ra Melkizedheki, uyo arikutaurwa pamusoro pake muvhesi redu ranhasi anomirira kutonga uye “Zedhek” anomirira kuitwa kwezvakanaka (MuPrista) kana kuti kururama. Melkizedheki, ari kutaurwa nezvake kuTestamende yakare akange ari mambo zvakare arimuPrista (Genesisi 14:18-20), zvichireva kuti akange aine mahofisi maviri. Chinoshamisa ndechekuti, Melkizedheki uyu akange asina dzinza raaibva, akangoita kunge akange asina kwaibva.

Chandinodira Jesu wangu muvhesi redu ranhasi ndechekuti akatofimirira

kare, akava muPrista wedu mukuru. Hazvisiri izvi zvega, Jesu ndimambo wedu zvakare. Saka semaKristu tinofanirwa kugamuchira nekukoshesa mabasa maviri arikuitwa naJesu semuPrista mukuru uye samambo, zvichitodza zvakange zvakaita Melkizedheki. Chinzvimbo chakowo muna Kristu, chinemabasa maviri ekuva muprista, uchimirira segweta mudare, uye semutongi kuburikidza nehusha hwaunowana muna Kristu.

Saka kana tapanhau dzekunyengerera, unotanga nekutaura nyaya yako uchishandisa shoko raMwari uye unopedzisa munamoto wako nekutema zvirevo, nekudaidza zvinhu kuti zvivepo, nekuti una mambo mukati mako, anesimba rekutonga pamusoro pezvinenge zvichiitika. Gore rino rese tema zvirevo, zvichaita kuti ugare hupenyu hwedenga pane rino pasi nguva dzese. Zita raJesu chombo chako chekurwisa nacho muvengi, uye shoko raMwari chombo zvakare chekurwisa zvese zvinenge zvabva kumuvengi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NdirimuPrista naMambo. Ndakatakura simba rese raMwari vatatu mumwe; pandinotaura mamiriro ezvinhu anoshanduka, kana ndikatemachirevo zvinondinetsa zvinobva zvapera. Hupenyu hwangu hunogara huchiratidza hushe hwaMwari huri mandiri nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 110:4

**2 VaKorinde 4:13**

Zvino zvatiinemweya iwoyu wokutenda sezvazvakanyorwa zvichinzi ndakaitenda, saka ndakataura, nesuwo tinotenda saka tinotaurawo;

Ndinogara ndichiti maKristu akanyarara anoita firamberi nekuti anoramba kutaura. Yavenguva yekutema zvinhu zvese zviya zvaunoda kuona, pamusoro pehupenyu hwako nemuviri wako. Haisisiri nguva yekuramba wakanyarara. Uinedambudziko rehurewere kana kuti usina taura mazwi aya uchinditevedzera uye utaure nemwoyo wako wese. Iti, 'Ndakaperera muna Kristu. Hapana chandinoshaya mumweya wangu mupfungwa nepanyama!

Ramba uchidzokorora mashoko aya kusvikira avechikamu chekurarama kwako. Usaita nhetemwa, ramba uchidzokorodza zvese zvaunotenda kuti zvichaitika muhupenyu hwako, mubhizimusi rako, muwanano yako, mumhuri mako, kumara yako nekuhutano hwako –unoona zvese zvave kutevera zvaunenge wataura. Ndati, dzokorora kutaura pamusoro pehupenyu hwako nemhuri yako nhasi uye mazuva ese. Taurisa uti nhengo dzemuviri wangu dzese dziri kushanda zvakanaka nezita raJesu!

Hana yangu irikurova zvakanaka, itsvo dzangu dzirikufema mweya zvakanaka, maziso angu arikunyatsoona nezita raJesu! Mamhasuro angu atikushanda zvakanaka, nyama dzemuviri wangu dzirimuhutano hwakanaka! Bhizimusi rangu ririkukura, mari yangu iri kuwedzera nezita raJesu! Hupenyu hwandiri kurarama ndewe denga pane rino pasi. Zvitaure mazuva ese umhanyise satani kubva muhupenyu hwako. Haurambidzwe kuwana kukunda kwako nezita gurur raJesu! Amenii!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wangu unodairira kushoko raMwari kwete kuhurwere! Ndine rupawo rwaMwari pandiri nekuti ndiri chisikwa chake. Mbiri kuna Mwari!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 3:12

**2 Petro 1:3**

Nokuti nesimba rohumwari hwake, takapihwa zvose zvinodikanwa pahu-penyu napakunamata Mwari, nenzira yokumuziva iye wakatidana nokubwinya kwake.

Kunzi uri murombo hazvireve kushaikwa kwezvekushandisa kana mari kwete, zvinoreva kupererwa nekushaya mazono ezvekuita. Vanhu vanondibvunza kuti ndinoita mupfumi sei ini ndisina mari yekuvamba nayo bhizimusi?" Minduro yangu ndinoti kana uchida mari yekuvamba nayo bhizimusi hausi munhu anokwanisa kuita bhizimusi. Chaunoda kuti uvambe nacho bhizimusi ipfungwa – zano. Muzvimabhizimusi wese akabudirira akatanga nezano.

Iwe unemukana kudarika munhuwozvake kuti ubudirire nekuti unodiwa naMwari zvinova ndizvo zvinokusiyana nevamwewo vanhuwo zvavo. Kune chimwe chinhu zvakare chisingakosheswe kana kuchitaurwa nyaya dzehupfumi, inyaya yekuva nemuPorofita muhupenyu hwako. Muporofita anotakura mhengo yebudiriro. Chokwadi ndechekuti Mwari akapa maPorofita ake zodzo rekuunza hupfumi kuvanhu.

Mamwe maKristu haana muporofita waanoshanda nawo uye mamwe haasati aziva muPorofita waakatimirwa naMwari. Vamwe vanoziwa muPorofita wavo asi vanoramba kutenda maari, vasinga zive kuti kutenda mumuporofita wavo kunounza hupfumi hwavo. Hakuna nguva yakawanda. Sandisa zvawakapihwa naMwari kuti ubudirire izvezvi. Rangarira kuti Mwari ndivo vanoti Tenda zvinotaurwa nemuporofita wakoubudirire nezano rako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakapihwa simba reku pfuma. Kusanangurwa kwandinoitwa naMwari kunoita kuti ndiite zvi bereko, uye kuti ndibate zvinobatika muhupenyu hwangu. Chese chandinobata chinobudirira. Shoko ririkundishandira uye handimbokundikana nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 MaKoronike 20:20

**Zvirevo 25:2**

Ndiko kukudzwa kwaMwari kuti avanze chinhu asi kukudzwa kwamadzimambo ndiko kuti vanzvere mhosva.

Mwari vanonakidzwa nekuhwandisa zvinhu kubva kuvanhu. Chinangwa chavo hachisi chekuti vakunyime zvinhu zvacho asi kuti unzwe kunakidzwa nekuwana zvanembenge vakakuhwandisira izvi. Mwari vakazviita nyore kuti uzviwane nekuti zvese zvaunoda vakazviisa mushoko ravo. Bhaibheri rizere neruzivo nezvakavanzika zvaMwari, izvo zvakavigira mahedheni, asi vakazvipa pachena kuvana vavo. Zvese zvaunoda muhupenyu hwako zvkaputirwa mushoko raMwari. Chako chete ndechekutsvaga nekuwana shoko rinoenderana nezvaunoda kuti zviitike muhupenyu hwako!

Hachisi chokwadi chete chinoita kuti usunungurwe pahutano hwako, mumari yako, mukugarisana kwako nevamwe nemumweya, nekusunungurwa asi ichokwadi chaunoziva chinokusunungura. MaKristu anoita zvekudyiswa shoko aneruzivo chete rwezvaanenge audzwa neavo vanovaparidzira asi maKristu akura pamweya anoziva kuti Mwari vanoda kuti uwedzere pane zvaunenge wadzidziswa kuburikidza nekutorawo nguva yako uchiverenga shoko ravo, wotsvakurudza nyaya dzako wega uchirishandisa uchinamata.

Ndizvo zvinoitwa nemadzimambo. Saka kana wakuda kuwana ruzivo pamusoro pezvinenge zvakunetsa muhupenyu kana imwewo nyaya yaunenge uchida kuti ishanduke muhupenyu hwako, tsvaga mushoko raMwari. Mweya Mutsvene anokubatsira kuti uwane zvaunenge uchitsvaga, uye haumbofa wakagumbuka. Saka pemberera! Shoko rinoshanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririkuumba hunhu hwaKristu mandiri. Ndirimuiti weshoko, ndichiwana zvese zvakanaka zvakaiswa naMwari mushoko ravo. Ndinotema chirevo chekuti hupenyu hwangu huzere nemufaro nezvakanaka, kuwanda kwezvinhu, hupfumi kuremekedzwa nekubwinya!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 Timoti 2:15

**2 VaKorinde 5:20**

Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu Mwari seanenge achikumbira zvikuru nesu tinokumbira nokuda kwaKristu ti-chiti, Yananiswai naMwari.

Zvakakosha kuti uzive kuti uri ani. Bhai-bheri rinoti uri mumirir waKristu pane rino pasi, uye kunzi mumiriri wedenga chinzvimbo chepamusoro zvikuru. Semumiririri unenge uchigara mune imwe nyika wakamirira hurumende yako munyika yacho, uine basa raunenge uchiita munyika iyi. Iwe urimumiriri wekudenga uye wakasarudzwa naMwari segurukota rehurumende yavo uine basa rakakosha rekuzoyananisa, kuunza runyararo, hupfumi uye simba kunyika yako yeZiyoni. Basa rakakura rawakauya kuzoita nederekuratidza mararmiro edenga pane rino pasi.

Senhume, hautevedzere mamiriro ezvehupfumi emunyika ino. Unopi-hwa kubva kumusha wako uko kune pfuma yakawanda. Pane zvimwe zvinonakidza zvandiri kuda kukuratidza, pamusoro pekuva mumiriri wenyika. Imba inogara mumiri wenyika haisi imba asi kuti idare. Uye ino-va imba inogara mumiriri wenyika kana mumiriri wacho aripo. Zvimoreva kuti muviri wako, uye nyika ino imba yako inomirira denga.

Saka haufanirwe kurarama hupenyu hwako zvisina maturo nekuti wakamirira iye mutongi mukuru wezvese, Ishe Jesu Kristu! Mararamiro ako anofanirwa kuratidza denga panerino pasi. Semumiriri wedenga unobvumidzwa kuti usimudze mureza wako uve mudenga kunyangwe urikune imwe nyika. Unomirira nyika yako pane zvese zvenyika yako. Saka kana uri pane rinopasi, unotonga zvese zvakakukomberedza you.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti ndiri ani. Handisi wenyika ino. Ndiri mumirir waMwari pane rino pasi. Ndakadzivirirwa kubva kune zvinoitika panyika, uye ndakadzivirirwa kubva kuzvirwere nematenda anoitika panyika. Pasi rino imba yangu uye ndinoipfapfaidza nemweya wedenga kwese kwandinoenda.

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 5:18

**VaRoma 12:2**

Musaenzaniswa nyika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa kufi muidze muzive kuda kwaMwari.

Kereke yavanenguva yakareba ichitongwa nezvinoitika munyika. MaKristu akawanda ndiwo ave kurambana kudarika mahedheni. VaParidzi havachadi kuparidza chokwadi, uye vakuparidza zvinoda kunzwickwa nevatendi. Nyika yakananga kuenda kuGehena, uye vaparidzi ndivo varikuruka bhasiketi rine vatendi varikwendako, kusara kweavo varikuzvipira kuti varame hupenyu hwakadzika, varikuramba kutevedzera nyika.

Mumazuva ano ekupedzisira, ayo anangana nenguva yekubvutwa kwe-

vatsvene, muganhu uri pakati pevatendi vechokwadi nyika urikunderera mberi uchioneka. Nguva yakwana yekuti maKristu echokwadi amiririre kururama, oramba kuita zvivi. Nyika irikurarama muzvivi nekusa tevedzera mitemo, kuchingoitwa yese yese." Nyika irikubumawo kurarama nezvirwere nematenda, zvichinzi ndohupenyu.

Nyika irikurarama ichibvumira kuti vanhu vaenderere mberi vachitambira mari shoma kumabasa, isingakwane kuti vashandi varame hupenyu hwakanaka. Sema Kristu tionfanirwa kubuda mukurarama kwemunyikatoteerera zvinotaurwa neshoko raMwari pamusoro pekuti tinofanirwa kurarama hupenyu hwakaita sei. Tora chinzvimbo chako kurutivi rwaMwari, usambofa wakabvapo! Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, shandisa shoko raMwari pahutano hwako, pamari yako, magariro ako nevamwe uye nemuhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kurarama hupenyu hwangu sevanhu vepanyika. Ndirikutema chirevo chekuti pfungwa dzangu nehunhu hwangu zvinotevedzera Jesu Kristu. Ndakadyarwa mushoko raMwari uye handizunguzike nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaRoma 12:1-2

**Dhanieri 11:32**

Vanoitira sungano zvakaipa achavatsautsa nokubata kumeso asi vanhu vanoziwa Mwari wavo vachava nesimba vachaita mabasa makuru.

Ini handisi mutendi. Ndakasiya zvekutenda kare kare. Ndinoziwa Mwari. Unoona, muKristu haasi mutendi. Bhaibheri rinotiudza kuti kune simba rinopi-hwa vatendi kwete maKristu. Iri isimba rekuva vanakomana vaMwari. Zvinoreva kuti mutendi ndeuvo asati ava mwanakomana waMwari. Vhesi redu ririkutiudza kuti avo vanoziwa Mwari wavo vachava nesimba uye vachaita mabasa makuru.

Kune ruzivo rwaunofanirwa kuti uwane pamusoro pekushanda kwaMwari uye ivo vanofanirawo kuva neruzivo pamu-

soro pako. Abrahamu akacherechedza akazviona zvandiri kutaura nezvazvo apo akabvuma nekutenda kupa mwanakomana wake sechipiriso kuna Mwari. Ipapo Mwari vakabva vati ndave kuziva zvino kyuti unonditya! Kune nzira imwe chete yekuziva nayo Mwari, uye unovaziva kuburikidza nekuverenga nekunzwisisa kwako shoko ravo. Bhaibheri rinoti izvo zvatakanzwa tikaona nemeso edu tikatarisa nokubata nemaoko edu zveshoko rehupenyu husingapere hwakanganga huri kuna baba hukaratidzwa kwatiri(1 Johani 1:1).

Ruzivo rwako rwehoko raMwari, rwunoratidzwa nematanho aunotora ekutenda uchishandisa shoko ravo, saka ramba kuva mutendi. Wakakura kudarka ipapo! Unokwanisa kuvaziva Mwari. Shandisa kutenda kwako kuburikidza nekutevera shoko raMwari kuti unzwisise nekuona kushanda kwavo, unoitika mabasa makuru!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakashinga! Hapana chandinotyana nekuti ndinoziwa Mwari wangu, Mazuva ese ndinokunda zvandinosangana nazvo. Ndinorwisa chese chandirwisa nekuti Mwari vaneni Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA: Johani 1:12



1 Johani 5:14-15

Ndiko kusatya kwatiinako, kuti kana fichikumbira chinhu nokuda kwake anotinzwana. Zvino kana fichiziva kuti anotinzwana pazvose, zvatinokumbira, fi-noziva kuti tapiwa makumbiro yatakakumbira kwaari.

Unogona kuwedzera kutenda kwako kwokura kana uchinzwisa kuti kunoshanda sei muhupenyu hwako. Kune nyasha dzekuti utore zvese zvirivzako, nekukokorodza zvese zvirivzako muhupenyu, asipane hwaro hwaunofanirwa kuti uhutevedze kuti ubudirire mukuwana zvivo zvemwoyo wako. Mwari vakakuvimbisa kare mushokoravo kuti unowana chese chaunokumbira: Saka kana paine chaunoda chaunenge waona mushoko ravo, Mwari vanokupa.

Bhaibheri rinoti Mwari anotipa mikumbiro yedu yese kuburikidza neku-da kwavo. Hazvireve kuti Mwari vanotsvaka vhesi rekuti vakupe naro zvaunenge wakumbira kwete. Ivo ndivo shoko! Zvinoreva kuti Mwari vanoshandisa shoko ravo kuti vawane zvavanenge vachida. Saka vanotarisa kuti iwewe uite savo. Chazvakanakira ndechekuti kana wawana zvaunikuda mushoko ravo hauchanamata kuti uchibate kwete, unenge wave kunamata uchitenda kuti watochibata chive chako! Ko unoziva sei kuti unenge watochibata, nekuti unenge wachiona mushoko raMwari, chinenge chsara chete kuudza Mwari zvavaona!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanondinzwa pandinonamata uye kutenda kwangu mushoko ravo kunoita kuti ndiwane zvandinenge ndichinamati-ra nguva dzese!

MAVHESI EKVURENGA

VaEfeso 1:11

**2 VaKorinde 2:14**

Asi Mwari ngaavongwe anotikundisa nguva dzose muna Kristu unoratidza ruzivo rwaMwari.

Ndinonyora mabhuku nekuti ndinenge ndanzi naMwari ndianyore. Bhuku rega rega randinonyora rinenyasha dzarinetakura dzinopakurirwa kuvaverengi. Asi zvizaruro nezvimwe zvemweya zvandinenge ndanyora pamusoro pazvo hazvigone kuzivikanwa kana ndikatadza kukurudzira muverengi kufi averenge zvandinenge ndanyora. Ndicho chikonzero chinoita kuti ndisarudze musoro webhuku unokwezva munhu kuti ade kuverenga zvandinenge ndanyora.

Musoro webhuku unotaura kukosha kwezvinenge zvirimubhuku. Uyu mutemo

wekutengesa uye mabhuku angu anotengwa. Iwe uri zvakapfekwa naMwari. Mwari akapinda maurikuitira kuti akupakurire zvakakosha zvirimaari. Zvese zvaari nezvaanogona kuita zvakaputirwa mauri. Saka kana munhu asingazive Mwari akakutarisa anofanirwa kukuona uchigadzirisa matambudziko.

Kana kuine vanenge vari murima, vanofanira kuona chiyedza chako kana vakakutarisa. Kana vachishomekerwa nemri vanofanira kuona hupfumi pauri. Kana vachirwara vanofanira kuona hutano pauri. Ndiwe unoshandiswa naMwari kuti vazvitengese kuvanhu. Sakaratidza zvawakatakura mauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimunhu akakosha. Ndinogadzirisa matambudziko ese anouya kwandiri. Kwese kwandinoenda ndinosiya munhu-wi wakanaka weruzivo rwaMwari. Ndinovhaira ndichiratidza Mwari ari mandiri!

MAVHESI EKVVERENGA

Mateo 5:14-16



1 VaKorinde 14:10

Mazwi anamarudzi mazhinji panyika, hakunechinhu chisinezwi racho.

Vhesi redu ranhasi rirkutiudza kuti ruzha rwese rwune zvarwunomirira. Shoko rese raunotaura rine zvarinobereka, uye Mwari varikutarisira kuti iwe mwana wavo uchashandisa nzira yekutaura iyi kuti ikushandire. Ruzha rwaunoburitsa rwakasikwa naMwari kuti uzvidaidzire maropafadzo kwauri. Saka paunotaura unogadzira nzira dzinofamva nadzo nevatumwa.

Paunowedzera kutema zvirevo nekutaura maropafadzo aMwari pamusoro pehupenyu hwako unowedzerawo simba kuvatumwa kuti vakuunzire makomborero nedzikinuro. Saka usingafanirwe kuzvidaidzira hurombo mhupenyu hwako.

Paunoita ruzha rwusingaenderane neshoko raMwari pane kuti upe simba kuNgirozi unopa simba kuma dhimoni, ayo anobva aunza hurombo kwauri.

Mashoko akaita serekuti ndakabhuroka", handina mari yacho," kana kuti "hazvisikundikwanira" haafanire kutaurwa newe. Zviri nani kuti vanhu vakuti unodada panekupa simba kuma dhimoni anenge anzwa zvaunenge wataura. Mashoko ako anesimba! Saka ashandise zvinehungwaru akuunzire zviwereko zvekuwanda kwezvinhu. Inova ndiyo kodzero yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mamiriro ezvemari yangu haakanganiswe nemamiriro ezvehupfumi munyika. Ndinotema chirevo chekuti ndakapfuma zvikuru! Ndinogara munharaunda yehupfumi uye nhaka yemhuri yangu yakachengetedzwa nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 13:2

**1 VaKorinde 14:4**

Unotara norurimi unozvisimbisa iye asi unoporofita unosimbisa kereke.

Zvinogona kuitika kuti munhu apere mvura mumuviri wake oita nyota asi asingazvize. Ndizvo zvimwe chete nebhatiri refoni yako, rinogona kupera moto wotozoviziva nekudzima kwefoni yako. Ndizvo zvimwe chetewo nesimba rako pamweya, kuti rinogona kudzika usingazvize. Ukamirira kuti unzwe nyota kuti uzonwa mvura unenge watoperamvura mumuviri wako. Saka pane kuti umirire kusvikira wave nyota, zviri nani kuti uswere zuva rese uchinwa zvako mvura.

Zvimwe chetewo nebhatiri refoni raunofanira kugara ichiona kuti rine moto panekuti foni idzime. Ndizvowo zvandiri

kutayra pamusoro pesimba rako repa mweya. Paunotaura kana kunamata nendimi unenge uchiwedzera simba rako repamweya. Unozviwedzera moto sezvaunoita bhatiri refoni, uchishandisa simba raMwari. Jesu paainamatira varwere simba raibuda kubva maari.

Jesu aiziva kana simba rake radzikira, saka airiwedzera kuburikidza nekunamata. Vamwe venyu munonwa zvinwiwa zvekuti muwedzere simba kana kunwa mishonga, asi isu tine nzira yedu yekuwedzera nayo simba riri matiri. Ukataura nendimi kwemaminitsi mashanu unowedzera simba rako repamweya, rinokubatsira pakugadzirisa matambudziko emakumi maviri emakore. Usamira kusvika simba rako radzikira kuti utange kunamata. Asi swera zuva rese uchizviwedzera simba kuburikidza nekunamata.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Simba raMwari rirkushanda mandiri! Pandinonamata ndinovhiringidza wakaipa nekupedza matambudziko andinenge ndiinawo! Mayambudziko angu avekuperu uye zvinhu zvirikufamba zvakanaka muhupenyu hwangu nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: VaEfeso 3:20

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munhu arimuna Kristu wava chisikwa chitsva zvinhu zvakare zvapfura tarirai zvose zvava zvitsva.

Mari inozivikanwa pamusoro pekukundikana kwayosezvo iri chikamu chen-yika yenyama iyo izere nehuori, asi iwe kana wazvarwa patsva muna Kristu, bhaibheri rinoti zvinhu zvese zvinobva zvava zvitsva muna Kristu, uye zvese ndezvaMwari. Zvinosanganisira mari yako, imobva yaitawo itsva. Chinoita kuti ive itsva kukoshesa kwaunenge uchiita, uye kukosha kwayo kunoratidzwa nezvaunoishandisa kuita. Unokwanisa kuisa mari yako kunyika yemweya kuburikidza nekuipa kuna Mwari kuti ishanda basa ravo.

Kana Mwari vachiwana mari kubva kwauri vanoionzawo kwauri. Mari irikuuya! Mari yako irikuuya! Vanhu vaMwari vachapfuma! Nzwisisa kuti mari irikuuya iyi ndeyekuti uyishandise kuti uwane zvinhu zvakakosha muhupenyu hwako, zvinhu zvinenge zvakakosha pamweya. Saka imari irikuuya iine basa rairikufanira kuita muhushe hwaMwari.

Tinonzwisisa kuti kana tichishanda, tinoshandira kuti tirarame asi apa tingenenge tichishandira kupa. Mwari vanoda kukupfumisa mune zvemari kuitira kuti usarudze hupenyu hwaunoda kurarama nezvaunoda. Zvakakosha ndezvekuti mari yako ichashandiswa kuti ifambise Evhangeri yaMwari kunyika dzese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Bhizimusi rangu harimbofa rakadonha uye mari yangu haipere. Ndakasarudzirwa kuti ndibudirire muhupenyu; mari yangu irikuuya uye icharamba ichiuya!

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 47:15

**Mapisarema 105:37**

Akavabuditsa vane sirivha nendarama, kwakanga kusina nomumwe pakati pamarudzi avo wakashaiwa simba.

Apo vana valsraeri vakaita rwendo rwavo vachibuda muljipiti pakange pasina kana mumwe chete wavo airwara kana akange aine hutera. Vese vakange vakasimba vaine hutano hwakanaka. Iye zvino kereke yave kuzoita rwendo rwakakurisisa, kunova kubvutwa kwevatsvene! Ishe vave kuuya uye vatendi vaShe vachanganiswa naye muchadenga. Mbiri kuna Mwari!

Bhaibheri rirkuti arikuvinga kereke inekubwinya isina donhwe kana gwapa. Patinobuda mukati menyika ino, ti-

change takapfekedzwa muviri unobwinya, usingamborwara kana kufa

Kana uchirwara zvinoreva kuti ruzivo rwako rwechirwere rwakawanda kudarika ruzivo rwekuporeswa kwako kubva kwachiri, rinoti wakaporeswa kare. Wakapihwa kuporeswa kwako kare, chako kungotora chete, kana izvezvi!

Haufanirwe kumirira musi wekubvutwa kwevatsvene kuti uve nemuviri wakasimba unehutano hwakanaka. Tenda mushoko raMwari pamusoro pekuporeswa kwako, wotanga kutaura mashoko anoenderana neshoko raMwari. Usatsvage mashoko anotsanangura chirwere chinenge chakuviringa, tsvaga shoko! Paunenge uchitaura shoko raMwari pamusoro pemuviri wako nekuporeswa kwako unogadzira nzira yekuti hurwere hubude mauri, wopora.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwaMwari hurimo mumuviri wangu. Simba rekuporesa raKristu rirkufamba kuburikidza neni uye zvese zvemumuviri wangu zviri kuwana simba rekupora. Jesu ndiye murapi wangu, uye ndine nyasha dzake dzekupora izvezvi!

MAVHESI EKUVERENGA: 1 VaKorinde 15:51-53

MAGWARO EVHANGERI EKUDZIVIRIRA

ISAYA 54.

NDICHASIMBISWA MUKURURAMA
NDICHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA
HANDINGATYI UYE NDIRIKURE
NEZVINOTYISA

PAKAITA ANONDIRWISA,
HANDITOMBOFUNGA KUTI VATUMWA
NAMWARI, UYE KANA VAKANDIRWISA
NDINOKUNDA

MWARI AKASIKA MUPFUURI
ANOPFUTIDZA MAZIMBE MUMOTO
NOKUITA NHUMBI YEBASA RAKE
NDIYE AKASIKA MUPARADZI KUTI
APARADZE

HAKUNA NHUMBI YOKURWA
INOPFURWA KUZORWA NENI,
ANONDIPAOMERA MHOSVA ACHANZI
MUNYEPI. NDIRIMURANDA WAMWARI
UYE MWARI VANOITA KUTI ZVINHU
ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

NDIZVO ZVINOTATURWA NAMWARI KWANDIRI
UYE HAZVIRAMBE KUBUDIRIRA NEZITA RAJESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH



WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI?

CONVIDAMOS VOCÊ A FAZER JESUS CRISTO
O SENHOR DA SUA VIDA FAZENDO ESTA ORAÇÃO;

“Ó SENHOR DEUS, VENHO A TI EM NOME DE JESUS CRISTO. CREIO DE TODO O MEU CORAÇÃO EM JESUS CRISTO, FILHO DO DEUS VIVO. CREIO QUE ELE MORREU POR MIM E DEUS O RESSUSCITOU DOS MORTOS. CREIO QUE ELE ESTA VIVO HOJE CONFESSO COM A BOCA QUE JESUS CRISTO É O SENHOR DA MINHA VIDA A PARTIR DE HOJE. POR ELE E EM SEU NOME, TENHO A VIDA ETERNA, SOU NASCIDO DE NOVO. OBRIGADO SENHOR POR SALVAR A MINHA ALMA! AGORA EU SOU UM FILHO DE DEUS. ALELUIA!”

PARABENS! AGORA VOCE É UM FILHO DE DEUS.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW AS
A CHRISTIAN PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON:

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209



The Good News World Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com